

**MUJUDAKEN *MEDIA MACROMEDIA FLASH* KANGGE PASINAON  
UNGGAH-UNGGUH MERTAMU BASA JAWI SISWA KELAS X  
SMA/SMK/MA**

**SKRIPSI**

**Kaaturaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
minangka Salah Satunggaling  
Sarat Anggayuh Gelar  
*Sarjana Pendidikan***



**Dening**


**Dewi Hajar Pinuji**

**NIM. 09205244038**

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
2013**

## PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-rahan “Mujudaken *Macromedia Flash* Kangge Pasinaon Unggah-Ungguh Mertamu Basa Jawi Siswa Kelas X SMA/SMK/MA” menika sampun dipunsarujuki dening dosen pembimbing kangge nglampahi pendhadharan.



Yogyakarta, September 2013

Inkang nyarujuki

Dosen Pembimbing I



Mulyana, M.Hum

NIP 19661003 199203 1 002

Dosen Pembimbing II






Nurhidayati, M.Hum

NIP 19780610 200112 2 002

## PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan “Mujudaken *Macromedia Flash* Kangge Pasinaon Unggah-Ungguh Mertamu Basa Jawi Siswa Kelas X SMA/SMK/MA” menika sampun dipunandharaken ing pandadaran wonten sangajengipun Dosen Penguji, surya kaping 13 September 2013 saha dipuntetepaken lulus.

### DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak asma	Tanggal
Dr. Suwardi, M.Hum.	Ketua Penguji		21-10-2013
Nurhidayati, S.Pd., M.Hum.	Sekretaris Penguji		21-10-2013
Dra. Siti Mulyani, M.Hum.	Penguji utama		18-10-2013
Drs. Mulyana, M.Hum.	Penguji pendamping		21-10-2013

Yogyakarta, Oktober 2013  
Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
Dekan,



Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.

NIP 19550505 198011 1 001

## WEDHARAN

Ingang tapak asma wonten ngandhap menika, kula:

Nama : **Dewi Hajar Pinuji**

NIM : 09205244038

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

medharaken bilih skripsi menika damelan kula piyambak. Sapangertosan kula, wosing skripsi beda kaliyan skripsi ingkang sinerat dening tiyang sanesipun, kajawi bab tartamtu ingkang kula pendhet kangge pamanggih dhasar kanthi njumbuhaken tata cara saha etika panyertan. Menawi wedharan menika kabukti boten leres, dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, September 2013

Panyerat,

Dewi Hajar Pinuji

NIM 09205244038



## **SESANTI**

“ Rawe-rawe rantas malang-malang putung”

(Kabeh sing ngalang-ngalangi disingkirake)

## **PISUNGSUNG**

Alhamdulillah kula aturaken dhumateng Gusti Allah ingkang Maha Asih saha Maha Welas, skripsi menika kula pisungsungaken dhateng tiyang sepuh kula Bapak Haryanto saha Ibu Sri Nur Ediyanti ingkang sampun paring panyengkuyung saha donga pangestunipun satemah skripsi menika saged karampungaken.

## PRAWACANA

Puji syukur alhamdulillah kula aturaken dhumateng Gusti Allah ingkang Maha Asih saha Maha Welas, ingkang sampun paring rahmat, hidayah saha inayah satemah skripsi kanthi irah-irahan “Mujudaken *Media Macromedia Flash* Kangge Pasinaon Unggah-Ungguh Mertamu Basa Jawi Siswa Kelas X SMA/SMK/MA”.

Panyerat skripsi saged nyerat kanthi pambiyantu saking tiyang sanes. Awit saking menika kula ngaturaken atur panuwun dhateng:

1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Pd. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta,
2. Bapak Dr. Suwardi, M.Hum minangka Pangarsaning Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring panyengkuyung supados nyekapaken skripsi,
3. Bapak Mulyana, M.Hum. minangka Dosen Pembimbing I ingkang sampun paring bimbingan saha wewarah dhateng kula kanthi tlatos saha sabar,
4. Ibu Nurhidayati, M. Hum, minangka dosen pembimbing II ingkang sampun paring bimbingan, wewarah saha greget kanthi tlatos saha sabar,
5. Sedaya dosen Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa Universitas Negeri Yogyakarta saha staf jurusan ingkang sampun paring pambiyantu bab administrasi satemah skripsi menika saged karampungaken,
6. Kepala Bappeda, Bakesbang dan Linmas Yogyakarta ingkang sampun paring izin panaliten menika,
7. Bapak Drs. Akhid Yusroni, minangka Kepala Sekolah SMK Muhammadiyah 1 Tempel. Maturnuwun sampun paring ijin panaliten,
8. Bapak Arif Purwanta, S.S, minangka guru basa Jawi SMK Muhammadiyah 1 Tempel ingkang sampun kersa paring pambiji tumrap *media* sarta sampun purun mbiyantu anggenipun nindakaken panaliten,
9. Tiyang sepuh saha kulawarga ingkang sampun paring panyengkuyung saha pambiyantu,

10. Kanca-kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Jawa 2009 ingkang sampun paring panyengkuyung saha pambiyantu.
11. Sedaya tiyang ingkang sampun paring pambiyantu dhateng kula ingkang boten saged kula sebataken setunggal-setunggal, kula ngaturaken agunging panuwun.

Temtu kemawon panyeratan skripsi menika dereng saged kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika sedaya pangandikan menapa dene panyaruwe ingkang tumuju murih langkung sae, jangkep saha sampurnaning skripsi menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun.

Yogyakarta, September 2013

Panyerat



Dewi Hajar Pinuji



## WOSING ISI

	KACA
<b>KACA IRAH-IRAHAN</b> .....	i
<b>KACA PASARUJUKAN</b> .....	ii
<b>KACA PENGESAHAN</b> .....	iii
<b>KACA WEDHARAN</b> .....	iv
<b>KACA SESANTI</b> .....	v
<b>KACA PISUNGSUNG</b> .....	vi
<b>PRAWACANA</b> .....	vii
<b>WOSING ISI</b> .....	ix
<b>DAFTAR TABEL</b> .....	xiii
<b>DAFTAR LAMPIRAN</b> .....	xv
<b>SARINING PANALITEN</b> .....	xvi

### BAB I. PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten .....	1
B. Underaning Perkawis .....	3
C. Watesaning Perkawis .....	4
D. Wosing Perkawis .....	4
E. Ancasing Panaliten .....	4
F. Paedahing Panaliten .....	5
G. Pangertosan .....	6

### BAB II. GEGARAN TEORI

A. Deskripsi Teori	
1. Pasinaon .....	8
2. <i>Media</i> Pasinaon .....	9
a. Pangertosan <i>Media</i> Paasinaon .....	9

b. Paedah <i>Media</i> Pasinaon .....	12
3. Unggah-ungguh Mertamu .....	13
4. <i>Media Komputer</i> ing Pasinaon .....	16
5. <i>Macromedia Flash Profesional 8</i> .....	17
B. Panaliten ingkang Jumbuh .....	22
C. Nalaring Panaliten .....	25

### **BAB III. CARA PANALITEN**

A. Jinising Panaliten .....	27
B. Cara Damel <i>Media</i> .....	27
C. Pirantining Panaliten .....	31
1. Cara Anggenipun Mbiji .....	31
2. Jinising <i>Data</i> .....	31
D. Pirantining Pangempalan <i>Data</i> .....	32
1. Pirantining Anggenipun Mbiji <i>Kualitas Media</i>	
a) <i>Ahli Media</i> .....	33
b) Guru Basa jawi .....	34
2. Prantining Pamanggih Siswa.....	35
E. Cara Nganalisis <i>Data</i> .....	37

### **BAB IV. ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN**

A. Asiling Panaliten .....	40
1. <i>Tahap-tahap</i> Damel <i>Media</i> .....	40
2. <i>Asiling Evaluasi Kualitas media</i> dening Dosen <i>Ahli Media</i>	
saha Guru Basa Jawi .....	42
1) <i>Validasi Ahli Media</i> .....	43
2) <i>Validasi Guru Basa Jawi</i> .....	56
3. Pamanggih Guru Basa Jawi lan Siswa tumrap <i>Kualitas</i>	
Andharan Materi saha <i>Tampilan Media</i> .....	62

a) Pamanggih Guru Basa Jawi .....	62
b) Pamanggih Siswa .....	62
B. Pirembagan Asiling Panaliten .....	75
1. <i>Tahap Damel Media</i> .....	75
a. <i>Tahap Ngalalisis (analisis)</i> .....	75
b. <i>Tahap Damel Desain Media</i> .....	76
c. <i>Tahap Damel Media Pasinaon</i> .....	77
d. <i>Tahap Validasi saha Ujicoba Media Pasinaon</i> .....	78
2. <i>Evaluasi Kualitas Media</i> dening Dosen Ahli <i>Media</i> .....	79
3. <i>Kualitas Media Interaktif</i> Miturut Pamanggih Guru Basa Jawi saha Siswa kelas X .....	84
a. <i>Kualitas Media</i> Miturut Pamanggih Guru Basa Jawi .....	86
b. <i>Kualitas Media</i> Miturtut Pamanggih Siswa Kelas X .....	87
4. Kakirangan saha Kaluwihan <i>Media</i> .....	90
5. <i>Asiling Tampilan Media</i> Pasinaon Unggah-Ungguh Mertamu .....	91
<b>BAB V. PANUTUP</b>	
A. Dudutan .....	93
B. Implikasi .....	94
C. Pamrayogi .....	95
<b>DAFTAR PUSTAKA</b> .....	96
<b>LAMPIRAN</b> .....	98

## DAFTAR TABEL

	KACA
Tabel 1. Anggenipun mbiji <i>kualitas media</i> .....	34
Tabel 2. Pamanggih siswa.....	34
Tabel 3. <i>Kategori</i> anggenipun mbiji <i>kualitas media</i> pasinaon.....	35
Tabel 4. <i>Kategori</i> anggenipun mbiji pamanggih siswa .....	35
Tabel 5. Asiling <i>Validasi I Kualitas Media</i> dening Ahli <i>Media</i> Wonten ing Perangan <i>Tampilan</i> .....	44
Tabel 6. Asiling <i>Validasi II Kualitas Media</i> dening Ahli <i>Media</i> Wonten ing Perangan <i>Tampilan</i> .....	45
Tabel 7. Asiling <i>Validasi I Kualitas Media</i> dening Ahli <i>Media</i> Wonten ing Perangan <i>Pemrograman</i> .....	50
Tabel 8. Asiling <i>Validasi II Kualitas Media</i> dening Ahli <i>Media</i> Wonten ing Perangan <i>Pemrograman</i> .....	51
Tabel 9. Asiling Mindhakistan Biji Wonten <i>Validasi Kualitas</i> Tahap I saha Tahap II Dening Ahli <i>Media</i> .....	55
Tabel 10. Asiling <i>Uji Validasi</i> Guru Mata Pelajaran (Guru Basa Jawi) Perangan Leresipun <i>Konsep</i> saha <i>Kompetensi</i> .....	57
Tabel 11. Asiling <i>Uji Validasi</i> Guru Mata Pelajaran (Guru Basa Jawi) Perangan <i>Kualitas Tampilan</i> .....	60
Tabel 12. Asiling Angket Pamanggih Siswa Perangan Gampilipun Mangertosi .....	66
Tabel 13. Asiling Angket Pamanggih Siswa Perangan <i>Kemandirian</i> Sinau .....	67
Tabel 14. Asiling Angket Pamanggih Siswa Perangan Penyajian <i>Media</i> .....	69
Tabel 15. Asiling Angket Pamanggih Siswa Perangan <i>Pengoperasian</i> <i>Media</i> .....	71
Tabel 16. Asiling Biji Saking Gladhen Siswa Kelas X AP 2 .....	73



Tabel 17. <i>Ketuntasan</i> Siswa Anggenipun Garap Gladhen	
Wonten ing <i>Media</i> .....	74
Tabel 18. Asiling Biji <i>Kualitas Media</i> Pasinaon	
Unggah-Ungguh Mertamu .....	89
Tabel 19. <i>Revisi Media</i> Pasinaon Unggah-Ungguh Meratmu.....	92

## DAFTAR LAMPIRAN

### Lampiran 1

1. Kurikulum Mata Pelajaran Bahasa, Sastra, dan Budaya Jawa
2. Silabus
3. Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP)
4. Lampiran Buku Diktat Etika Jawa, KACA 70-72
5. Lampiran Buku Tata Krama Pergaulan, KACA 23-26

### Lampiran 2

1. *Flowchart Media Pasinaon*
2. *Naskah Media Pasinaon*
3. Cara Panganggenipun *Media Pasinaon*
4. *Tampilan Pungkasan Media Pasinaon*

### Lampiran 3

1. Asil Pambiji Dosen Ahli *Media*
2. Asil Pambiji Guru Basa Jawi
3. Asil Pambiji *Tanggapan Siswa*
4. Tabel asil *Angket Tanggapan Siswa saking sedaya Aspek*

### Lampiran 4

1. Surat *Rekomendasi* Panaliten
2. Surat *Katrangan* Panaliten
3. *Dokumentasi* Panaliten

**MUJUDAKEN *MEDIA MACROMEDIA FLASH KANGGE PASINAON*  
UNGGAH-UNGGUH MERTAMU BASA JAWI SISWA KELAS X  
SMA/SMK/MA**

Dening:  
Dewi Hajar Pinuji  
NIM. 09205244038

**SARINING PANALITEN**

Ancasing panaliten inggih menika ngandharaken *tahap* damel *media* pasinaon unggah-ungguh mertamu kanthi aplikasi *Macromedia Flash*, ngandharaken *kualitas media* pasinaon unggah-ungguh mertamu saking ahli *media* saha guru basa Jawi, ngandharaken *tanggapan* guru lan siswa tumrap panganggenipun *media* pasinaon unggah-ungguh mertamu kanthi *aplikasi Macromedia Flash*.

Panaliten menika kagolong panaliten *pengembangan* utawi *Research and Development (R&D)*. Panaliten dipuntindakaken mawi gangsal *tahap* inggih menika (1) *tahap* nganalisis; (2) *tahap* damel *desain media*; (3) *tahap* damel *media*; (4) *tahap validasi* saha *ujicoba media* saha; (5) asiling *tampilan media*. Produk *media* menika dipunbiji dening dosen ahli *media* mawi *validasi*. Cara ngempalaken data dipuntindakaken ngginakaken angket. Cara nganalisis *data* ngginakaken *analisis deskriptif*.

Asiling panaliten nedahaken bilih: (1) Wonten ing *tahap* damel *media* pasinaon kaperang dados gangsal *tahap* inggih menika (a) *tahap* nganalisis; (b) *tahap* damel *desain media*; (c) *tahap* damel *media*; (d) *tahap validasi* saha *ujicoba media* saha; (e) asiling *tampilan media*. (2) Wonten ing *tahap* pambijinipun *kualitas media* pasinaon unggah-ungguh mertamu adhedhasar saking asil pambiji *validasi* inggih menika (a) asil *validasi* dening ahli *media* kagolong *kategori* “sae” *prosentase* 79%; (b) pambiji dening guru basa Jawi kagolong *kategori* “sae sanget” kanthi *prosentase* 94%; (c) *tahap ujicoba* siswa kelas X kagolong *kategori* “sae sanget” kanthi *prosentase* 84,2%. (3) *Ujicoba* siswa kelas X kagolong *kategori* “sae sanget” kanthi *prosentase* 84,2%. *Prosentase ketuntasan* siswa anggenipun nggarap *gladhen* pikantuk 82,1%. Jumbuh kaliyan asil panaliten kasebut bilih *media* pasinaon unggah-ungguh mertamu pikantuk *tanggapan* sae sanget saking siswa wonten ing pasinaon unggah-ungguh mertamu.

# **BAB I**

## **PURWAKA**

### **A. Dhasaring Panaliten**

Basa Jawi minangka basa dhaerah gadhah sipat ingkang beda kaliyan basa sanes-sanesipun. Inkang mbedakaken inggih menika unggah-ungguhipun ingkang dipungatosaken. Unggah-ungguh menika ngajak saha nggladhi manungsa mliginipun kadang mudha supados nggatosaken kahanan wonten ing salebeting masarakat, nggatosaken tiyang sanes, kurmat dhateng tiyang sanes saha gadhah raos andhap asor antawisipun tiyang satunggal kaliyan sanesipun. Tiyang menika betah dipungatosaken wonten ing masarakat satemah kedah ngangge unggah-ungguh ingkang jumbuh.

Sekolah menika dados papan pasinaon unggah-ungguh kangge lare. Salah satunggal cara kangge nyinau unggah-ungguh inggih menika mlebetaken materi unggah-ungguh wonten ing kurikulum. Materi pasinaon unggah-ungguh wonten ing salebeting kurikulum *Muatan Lokal mata pelajaran* basa, sastra lan budaya Jawi berbasis *KTSP (Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan)* kangge siswa SMA/SMK/MA, *SK (Standar Kompetensi)* inggih menika *mampu mengungkapkan pikiran atau gagasan, dalam berbagai bentuk wacana lisan tentang bahasa, sastra, dalam kerangka budaya Jawa. SK (Standar Kompetensi)* kasebut dipunandharaken wonten *KD (Kompetensi Dasar)* dados *menceritakan berbagai pengalaman dengan menggunakan bahasa Jawa sesuai dengan konteksnya, menika nggambaraken bilih*



siswa dipuntuntut supados saged mangertos kadospundi solah bawa tiyang Jawi saha tata basa anggenipun ngginakaken basa Jawi ingkang mentes saha sae.

Wonten ing pawiyatan guru anggenipun nindakaken pamulangan basa Jawi kathah pepalangipun. Kawontenan menika trep kaliyan ngendikanipun guru basa Jawi SMK Muhammadiyah 1 Tempel. Pepalang wonten ing pasinaon unggah-ungguh basa Jawi inggih menika siswa kirang gadhah greget, pasinaon dipuntindakaken namung ngginakaken LKS (Lembar Kerja Siswa) saha metode ceramah kemawon, guru kangelan ndamel materi saha *media* pasinaon satemah mbetahaken *media* pasinaon ingkang nyengkuyung. Perkawis-perkawis menika ndadosaken siswa kirang remen, kathah ingkang ngantuk lsp.

Tuladha ingkang nyata wonten ing SMK Muhammadiyah 1 Tempel ingkang damel panaliti nggadhahi greget badhe damel panaliten inggih menika wonten ing babagan unggah-ungguh siswanipun. Wonten ing sekolahan siswa kaliyan guru menika rumaket sanget kados dene namung kaliyan kancanipun piyambak. Sesrawungan guru kaliyan siswa ingkang rumaket ndadosaken siswa kirang ngormati gurunipun piyambak. Kadhang kala siswa wicantenan kaliyan gurunipun ngginakaken basa ngoko ndadosaken boten wonten watesan babagan unggah-ungguh antawisipun guru kaliyan siswa.

Pasinaon unggah-ungguh wonten ing sekolah sejatosipun gampil dipuntindakaken, satunggaling cara inggih menika ngangge *Macromedia Flash*. *Macromedia Flash* inggih menika *aplikasi* ingkang dipunginakaken kangge ngrancang *seratan* saha *animasi* (rerangkenipun seratan saha gambar ingkang

pangangenipun dipuntindakaken kanthi *program elektronik*). *Macromedia Flash* ngasilaken *file* ingkang ukuranipun alit satemah entheng dipunlampahaken. *Macromedia Flash* saged dipunmanfangataken kangge damel *media* pasinaon wonten ing materi unggah-ungguh satemah para siswa gadhah greget anggenipun sinau. Pamilihing materinipun ugi dipunjumbuhaken kaliyan pagesangan sadinten-dinten inggih menika unggah-ungguh nalika mertamu saha nalika nampi tamu.

Adhedhasar saking perkawis-perkawis wonten ing salebeting pasinaon mliginipun babagan unggah-ungguh, salah satunggaling cara kangge nindakaken pasinaon unggah-ungguh dipundamelaken *media* pasinaon awujud *Macromedia Flash*. Salajengipun *media* menika dipun*validasi* dening ahli materi, ahli *media*, saha pamanggih guru lan siswa.

## **B. Underaning Perkawis**

Kathahing siswa ingkang unggah-ungguhipun kirang trep wonten ing pasrawungan, saha para siswa menika ugi remen ningali gambar (*animasi*) awujud *audio visual*. Saking dhasaring panaliten wonten ing nginggil, underaning perkawis wonten ing panaliten inggih menika:

1. materi unggah-ungguh basa Jawi gadhah alangan ingkang kathah,
2. kathah *media* pasinaon ingkang dereng dipunginakaken wonten ing salebeting pasinaon unggah-ungguh basa Jawi,
3. mujudaken *Macromedia Flash* kangge *media* pasinaon unggah-ungguh mertamu basa Jawi tumrap siswa kelas X SMK/SMA/MA.,

4. pambiji *kualitas media* pasinaon saking ahli materi, ahli *media* saha guru basa Jawi ingkang jumbuh kaliyan ancasing pasinaon,
5. pamanggih guru lan siswa tumrap *media* pasinaon ingkang dipundamel jumbuh kaliyan ancasing pasinaon.

### **C. Watesaning Perkawis**

Panaliten menika boten ngrembag sadaya perkawis ingkang sampun dipunandharaken wonten ing nginggil. Saking underaning perkawis ing nginggil, perkawis wonten ing panaliten dipunwatesi inggih menika mujudaken *Macromedia Flash* kangge *media* pasinaon unggah-ungguh mertamu tumrap siswa kelas X SMA/SMK/MA.

### **D. Wosing Perkawis**

Saking watesan perkawis ing nginggil kala wau, wosing perkawis saking panaliten menika kadospundi mujudaken *Macromedia Flash* kangge *media* pasinaon unggah-ungguh mertamu tumrap siswa kelas X SMK/SMA/MA?

### **E. Ancasing Panaliten**

Saking wosing perkawis wonten ing nginggil menika, panaliti nggadhahi ancasing saking panaliten inggih menika ngandharaken wujudipun *Macromedia Flash* kangge *media* pasinaon unggah-ungguh mertamu tumrap siswa kelas X SMK/SMA/MA.

## **F. Paedahing Panaliten**

Ngginakaken *media* kanthi *media* pasinaon *Macromedia Flash* wonten ing pasinaon unggah-ungguh basa Jawi, panaliten menika nggadhahi paedah inggih menika:

### 1. paedah *teoritis*

Kanthi teoritis asiling panaliten menika kangge *referensi* panaliti sanesipun ingkang badhe nliti babagan *teori* ingkang wonten gayutanipun kaliyan *media* pasinaon ingkang dipundamel. Kangge panaliti ingkang badhe damel *media* pasinaon menika saged dipunginakaken kangge nambah ngelmu saha wawasan babagan padamelan *media* pasinaon kanthi aplikasi *Macromedia Flash*.

### 2. paedah *praktis*

Paedah kanthi praktis saged paring *informasi* babagan *media* pasinaon ingkang dipundamel kanthi *aplikasi Macromedia Flash*. Saged dipunginakaken kangge nambah ngelmu babagan padamelan *media* pasinaon. Asiling panaliten menika dipunkajengaken supados saged paring pangertosan manawi *media* pasinaon menika ndadosaken siswa langkung gampang anggenipun sinau. Asiling pandamelan *media* pasinaon wujudipun CD (*Compact Disc*) satemah saged dipunginakaken sinten kemawon ingkang badhe mangertosi saha nyinau babagan unggah-ungguh tiyang Jawi.

- a) Paedah kangge siswa supados para siswa aktif, *antusias* anggenipun sinau basa Jawi mliginipun babagan unggah-ungguhipun tiyang Jawi.

- b) Paedah kangge guru inggih menika supados *media* menika paring *inspirasi* dhumateng guru kangge damel *media* sanes utawi saged nyameptakaken *media-media* pasinaon ingkang langkung sae saha saged narik kawigatosan para siswa mliginipun babagan unggah-ungguhipun tiyang Jawi.
- c) Paedah kangge pawiyatan inggih menika saged damel koleksi saha kangge sarana pasinaon mliginipun basa Jawi babagan unggah-ungguh.

## **G. Pangertosan**

Supados boten salah anggenipun negesi tetembungan wonten ing salebeting panaliten menika, dipunandharaken pangertosan-pangertosanipun inggih menika.

### **1. Media**

*Media* inggih menika pirantos ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken materi utawi wosing pirembagan saking guru kangge siswa supados gampang anggenipun nampi materi.

### **2. Media pasinaon**

Sedaya pirantos ingkang dipunginakaken kangge nyengkuyung proses pasinaon wonten ing pawiyatan, kangge ndugekaken materi saking guru kangge siswa.

### **3. Macromedia Flash**

*Macromedia Flash* inggih menika *aplikasi* ingkang dipunginakaken kangge ngrancang seratan, *audio, video* saha *animasi* (rerangkenipun seratan saha gambar ingkang dipundhapuk kanthi *program elektronik*).

#### **4. Unggah-ungguh**

Unggah-ungguh tegesipun *sopan-santun*, tata krama, adab utawi tingkah laku ingkang sae nalika pepanggihan kaliyan tiyang sanes.

## **BAB II**

### **GEGARAN TEORI**

#### **A. Deskripsi Teori**

##### **1. Pasinaon**

Miturut pamanggihipun Salma (2007: 19) pasinaon inggih menika proses pamulangan ingkang dipuntindakaken guru saha siswa kangge nglantaraken materi kanthi interaksi langsung. Salajengipun pangertosan pasinaon miturut Usman wonten ing Haris (2008: 12), pasinaon inggih menika *proses* ingkang ngemot patrap guru saha siswa adhedhasar sesambetan *timbang balik* nalika wonten ing kahanan *edukatif* kangge nggayuh ancas tartamtu.

Salajengipun Gagne wonten ing Benny (2009: 9) ngandharaken bilih pasinaon “*a set of events embedded in purposeful activities that facilitate learning*”. Teges saking pamanggih kasebut bilih pasinaon inggih menika rerangkening cara ingkang dipuntindakaken kanthi ancas nggampilaken pamulangan. Salajengipun pangertosan pasinaon miturut Sanaky (2009: 9) pasinaon inggih menika *komunikasi* kangge nglantaraken materi saking sumber utawi guru kangge siswa kanthi *media* tartamtu.

Wonten ing proses *komunikasi* wosing pirembagan menika kedah saged dipuntampi, dipunserap saha dipunhayati dening ingkang nampi. Supados anggenipun *komunikasi* menika boten lepat, prelu panganggenipun sarana ingkang saged mbiyantu *komunikasi*. Komponen ingkang kedah wonten ing *proses komunikasi* inggih menika (a) wosing pirembagan, (b) sumberipun pirembagan, (c) saluran utawi *media* saha (d) ingkang nampi pirembagan.

Perangan pasinaon minangka *komunikasi* inggih menika: (a) guru ingkang paring materi (*komunikator*), (b) siswa ingkang nampi materi (*komunikan*), (c) materi pasinaon minangka wosing pirembagan, (d) pirantos pasinaon minangka *media* pasinaon saha (e) *faktor* sanes wonten ing pasinaon inggih menika pitakenan, wangsulan, saha pambedanipun pamanggih guru lan siswa.

Travers saha Rebore (1990:1) ngandharaken bilih “*superior intelligence, compassion, humour, respect for children, and patience are necessary ingredients for good teachers*”. Nggadhahi kapinteran ingkang inggil, raos welas asih, *humor*, tanggap sasmita tumrap siswa, saha sabar menika komponen ingkang kedah dipungatosaken manawi dados guru ingkang sae.

Saking andharan para ahli ing nginggil saged dipunpundhut dudutan bilih pasinaon inggih menika sedaya cara ingkang dipunginakaken kangge nggampilaken pamulangan supados pasinaon saged rancag. Wujud nyata saking pasinaon inggih menika wontenipun sesambetan, boten namung sesambetan guru lan siswa nanging ugi siswa kaliyan kahanan sakiwa tengenipun. Ingkang dipunbetahaken wonten ing pasinaon boten namung caranipun guru anggenipun ngandharaken materi ananging dipunbetahaken *media* pasinaon ingkang mbiyantu supados nggampilaken guru anggenipun ngandharaken materi dhateng siswa.

## **2. Media Pasinaon**

### **a. Pangertosan Media Pasinaon**



Pangertosan *media* pasinaon miturut Latuheru (1988:15) inggih menika sedaya pirantos utawi sarana kangge nglantaraken materi saking sumber (guru) dhateng siswa wonten ing pasinaon. *Media* pasinaon inggih menika pirantos kangge nglantaraken materi wonten ing pasinaon.

Salajengipun Soeparno (1980: 1) ngandharaken pangertosan *media* inggih menika pirantos (*channel*) kangge nglantaraken wosing pirembagan (*message*) utawi *informasi* saking sumber (*resource*) dhateng ingkang nampi (*receiver*). Salajengipun Arsyad (2005: 15) ngandharaken bilih *media* pasinaon inggih menika sedaya pirantos ingkang dipunginakaken kanthi ancas nglantaraken materi wonten ing pasinaon supados siswa gampang anggenipun nampi materi.

Miturut Nurhidayati saha Sri Harti Widyastuti (2010: 6) *media* pasinaon menika wujudipun arupi buku, *tape recorder*, kaset *video*, *film*, *slide*, foto gambar, tv saha komputer ingkang ngandhut materi pasinaon. Salajengipun Miturut Suleman (1988: 26-27) *media* pasinaon dipunperang dados pinten-pinten perangan, perangan *media* pasinaon inggih menika:

- 1) pirantos *audio* inggih menika pirantos ingkang ngasilaken swanten. Tuladha: kaset saha radio,
- 2) pirantos *visual* inggih menika pirantos ingkang saged nedahaken wujudipun, ingkang dipunsebut pirantos peraga. Perangan saking pirantos *visual* wonten kalih, antawisipun inggih menika:
  - a) pirantos *visual* kalih *dimensi*

(1) Pirantos *visual* kalih *dimensi* wonten ing bidang ingkang boten transparan.

Tuladha: gambar wonten ing nginggil kertas, *grafik, diagram, bagan*, saha *poster*.

(2) Pirantos *visual* kalih *dimensi* wonten ing *bidang* ingkang *transparan*. Tuladha: *slide*.

b) pirantos *visual* tiga *dimensi*. Tuladha: *benda asli* saha *model*.

3) pirantos *audio-visual* inggih menika pirantos ingkang saged nedahaken wujud saha swanten wonten ing setunggal *unit*. Tuladha: *film* saha *TV*.

Brown (1977:17) ngandharaken bilih “*educational media of all types increasingly important roles in enabling students to reap benefits from individualized learning*”, sedaya jinis *media* pasinaon saged ngindhakaken kaprigelanipun supados siswa pikantuk paedah saking pasinaon. Ngginakaken *media* pasinaon kanthi *efektif* saged damel asiling pasinaon sae. Andharan menika saged dipunpundhut dudutan bilih *media* pasinaon gadhah paedah kangge guru lan siswa saha *media* pasinaon minangka salah satunggal perangan ingkang wigati wonten ing pasinaon.

Adhedhasar saking pangertosan-pangertosan wonten ing nginggil menika saged dipunandharaken bilih *media* pasinaon inggih menika sedaya pirantos ingkang dipunginakaken wonten ing pasinaon kangge ngandharaken materi wonten ing pawiyatan, saking guru tumrap siswa. Pirantos ingkang mbiyantu ngandharaken materi saha nyengkuyung proses pasinaon satemah siswa saged nggadhahi greget anggenipun sinau. *Media* pasinaon ingkang dipundamel wonten ing panaliten menika wujudipun CD pasinaon unggah-ungguh mertamu. *Media* pasinaon ingkang

wujudipun CD kanthi ngginakaken aplikasi *Macromedia Flash* menika kalebet jinis *media audio visual*, amargi nedahaken gambar saha suwanten kanthi sesarengan.

#### **b. Paedah *Media Pasinaon***

Miturut pamanggihipun Sudjana saha Rivai (2002 : 2) paedahipun *media pasinaon* inggih menika saged kangge ngindhakaken asiling pasinaon saha nggampilaken pasinaon satemah asiling pasinaon saged sae. Salajengipun pandom pamilihing *media* ingkang sae miturut Sudjana kaliyan Rivai antawisipun inggih menika (a) trep kaliyan ancasing panaliten; (b) nyengkuyung wosing pasinaon satemah nggampilaken siswa anggenipun sinau; (c) gampil anggenipun manggihi; (d) gampil anggenipun ngginakaken; (d) wekdalipun jumbuh saha trep kaliyan kabetahaning siswa.

Miturut Latuheru (1988:23) *media* nggadahi paedah ingkang kathah. Paedahing *media* tumrap pasinaon inggih menika, (a) supados narik kawigatosaning siswa; (b) narik kawigatosaning ingkang dipunwulangaken; (c) siswa anggenipun nguwaosi materi saged sami; (d) siswa langkung gampil anggenipun nguwaosi materi; (e) saged nyengkuyung pasinaon siswa kanthi mandhiri; (f) siswa langkung gampil nggambaraken pangertosan ingkang *abstrak dados konkret* utawi nyata.

*Media pasinaon* menika nggadahi paedah kangge siswa saha guru wonten ing pasinaon. *Media pasinaon* ugi dipunginakaken kangge sarana nglantaraken materi saking guru dhateng siswa. Paedah *media pasinaon* inggih menika kangge ngandharaken *informasi*, ngindhakaken *motivasi* saha narik kawigatosaning siswa, ngindhakaken *efektivitas* saha *efisiensi*, nglantaraken materi sarta nambah *variasi*

*materi*. Pamilihing *media* ingkang leres ndadosaken greget lan narik kawigatosan satemah siswa boten bosen anggenipun nampi pasinaon, wonten raos remen saha supados siswa nggadhahi pepenginan mangertosi babagan materi.

### **3. Unggah-Ungguh Mertamu**

Unggah-ungguh menika adhedhasar saking tindak-tanduk, laku, *adat istiadat*, *tegur sapa*, pocap saha wicantenan ingkang jumbuh kaliyan tata krama tartamtu (Rokhyatmo dalam Depdikbud, 1984: 6). Wonten ing masarakat mliginipun masarakat Jawi unggah-ungguh menika prelu dipungatosaken, antawisipun inggih menika unggah-ungguh pitepangan, wicantenan, mlampah, dhahar, mertamu lsp. Wonten ing panaliten menika namung badhe ngandharaken unggah-ungguh mertamu.

Miturut Sarumpaet (1996: 41-44), nalika kita badhe mertamu nggadhahi unggah-ungguh ingkang kedah dipungatosaken. Unggah-ungguhipun inggih menika: 1) nalika mertamu menika kita kedah caos kabar kaliyan ingkang gadhah griya rumiyan, kanthi cara ngirim surat utawi *telpon*. Ancasing mertamu saha dangunipun mertamu kedah cetha. 2) Tiyang jawi menika suka damel bingah manah tamunipun ananging kita minangka tamu sampun ngantos damel repot ingkang gadhah griya, tuladhanipun kita dhateng mawi bekta angsal-angsal. 3) Nalika mertamu menika sampun ngantos kedangon amargi ingkang gadhah griya ugi gadhah kabetahan sanes.

Miturut Endah (2008: 71) mertamu menika kedah nggatosaken wekdalipun trep menapa boten kangge mertamu. Wekdal ingkang boten trep nalika mertamu

inggih menika enjing saha sonten nalika wekdalipun istirahat, dhahar, siram saha reresik griya.

Unggah-ungguh nampi tamu menika prayoginipun gupuh, lungguh saha suguh ingkang tegesipun nampi kanthi sumeh, ngaturi lenggah saha atur pasegahan. Anggenipun micara sampun ngantos damel kuciwa tiyang sanes, njagi penggalhipun tiyang sanes, sampun ngantos gadhah pepenginan supados tamunipun enggal kondur. Busana anggenipun mertamu kedah rapi, wajar utawi sopan, basanipun nalika wicantenan sopan gumantung sinten ingkang dipunajak wicantenan jumbuh kaliyan unggah-ungguh basa.

Nalika mertamu kathah tata krama ingkang kedah dipungatosaken, miturut Depdikbud (1984: 23-26) wonten tatanan ingkang kedah dipungatosaken nalika mertamu kados makaten.

1. Tiyang ingkang badhe mertamu kedah nggatosaken wekdalipun.
2. Tamu nyaosi uninga rumiyin dhateng ingkang kagungan dalem kanthi *telpon* utawi serat saderengipun mertamu.
3. Lare mertamu wonten griya kancanipun sampun ngantos ngundang nama ingkang gadhah griya kanthi sora saking njawi.
4. Tamu nalika mertamu kedah uluk salam saha ndhodhog konten kanthi lirih, cepak mireng dumugi salebeting dalem. Manawi ingkang kagungan dalem dereng medal, dipunambali malih anggenipun ndhodhog sacekapipun.
5. Tamu nengga dipundhawuhi mlebet sasampunipun ingkang kagungan dalem mbikakaken konten.

6. Tamu nengga dipundhawuhi lungguh sasampunipun ingkang kagungan dalem ndhawuhi lungguh.
7. Tamu manawi dipunsegah dhaharan saha unjukan anggenipun ngrahapi nengga dipundhawuhi rumiyin saha mendhet ingkang celak rumiyin.
8. Tiyang ingkang badhe mertamu wonten griya kancanipun sampun ngantos langsung mlebet wonten ing kamaripun ingkang gadhah griya.
9. Tamu manawi mertamu dhateng griya kancanipun kedah pamitan ugi kaliyan tiyang sepuhipun.
10. Tamu langkung prayogi ngandharaken bab-bab menapa prelunipun dhateng ingkang kagungan dalem.
11. Tamu enggal nyuwun pamit lan ngaturaken agunging panuwun dhumateng ingkang kagungan dalem.
12. Wonten ing pungkasanipun mertamu tamu kedah nyuwun pamit saha ngaturaken panuwun dhateng ingkang kagungan dalem.

Wonten ugi nalika nampi tamu wonten tata krama ingkang kedah dipungatosaken. Miturut Depdikbud (1984: 23-26) wonten tatanan ingkang kedah dipungatosaken nalika nampi tamu kados makaten.

1. Nalika nampi tamu ingkang kagungan dalem pasuryanipun kedah sumeh.
2. Inggang kagungan dalem ngaturi tamunipun mlebet lajeng ngaturi lenggah wonten ing ruang tamu.

3. Tamu dhateng nalika ingkang kagungan dalem nembe dhahar, saenipun dipunaturi dhahar sesarengan.
4. Ingkang kagungan dalem ngaturi pasegahan lajeng dipunaturi dhahar utawi ngunjuk, langkung sae ngaturi pasegahan utawi unjukan menika boten namun kaping setunggal;
5. Ingkang kagungan dalem kedah ndherekaken tamunipun dumugi pager manawi dalemipun wonten pageripun.

#### **4. Media Komputer ing Pasinaon**

*Komputer* minangka asiling *teknologi modern* nggadhahi kasagedan ingkang ageng tumrap *media pasinaon*. *Komputer* dados *media* ingkang saged dipunginakaken siswa kangge sinau piyambak, menika amargi *komputer* saged nyawisaken seratan, suwanten, warni saha *video* tuladhanipun *CD player*, *video tape*, saha *audio tape*. Komputer menika nggadhahi mupangat wonten ing pawiyatan inggih menika siswa saged sinau kanthi mandhiri.

Wonten ing pasinaon manawi dipuntingali saking paedahipun komputer menika nggadhahi kalih jinis, inggih menika pasinaon ingkang dipunbiyantu kaliyan komputer (*Computer Assisted Instruction*) saha (*Computer Managed Instruction*). Wonten ing pasinaon ingkang dipunbiyantu komputer (CAI), siswa saged nggadhahi *interaksi* kanthi langsung ngginakaken komputer ingkang nyimpen materi pasinaon manawi dipunbandingaken kaliyan komputer (CMI) satemah komputer saged

mbiyantu guru manawi wonten prekawis, nata saha mbimbing wonten ing pasinaon (Latuheru, 1988: 118).

Miturut Belawati dkk (wonten ing Prastawa, 2011: 332) komputer nggadhahi kekirangan saha kaluwihan inggih menika.

1) Kekirangan saking komputer nalika wonten ing pasinaon inggih menika:

- a) mbetahaken komputer saha ngelmu babagan *program*,
- b) mbetahaken *hardware* ingkang mligi kangge damel saha anggenipun nglampahaken *media*,
- c) *resolusi* kangge *image grafik* winates wonten ing *sistem microprocessor*,
- d) *efektif* nalika dipunginakaken tiyang setunggal kemawon,
- e) boten saged dipunginakaken manawi tiyangipun kathah manawi wekdalipun winates.

2) Kaluwihan *media* komputer kangge pasinaon inggih menika:

- a) saged paring *informasi* ingkang wujudipun *teks* saha *grafik*,
- b) guru saged langkung *interaktif* kaliyan siswa,
- c) saged dipunjumbuhaken kaliyan kabetahan siswa,
- d) saged ngontrol *hardware media* sanesipun,
- e) saha seged dipuntambahi kaliyan *video* trep kaliyan kabetahan siswa.

### **5. Macromedia Flash Professional 8**

*Macromedia Flash Professional 8* inggih menika *aplikasi* kangge damel *seratan* saha *animasi* ingkang dipunlampahaken kanthi *program elektronis*.



*Macromedia Flash Professional 8* dipunginakaken perusahaan *Macromedia* saprelu kangge damel *aplikasi web* ingkang *interaktif*. *Macromedia flash* dipunginakaken kangge damel *animasi* saha kabetahan sanes kadosta padamelan *game* saha *tutorial* ingkang *atraktif*. *Macromedia Flash Professional 8* saged dipunginakaken kangge *media* pasinaon amargi saged nedahaken *teks* (seratan), gambar, *animasi* kanthi sesarengan.

Miturut Sucipta (2009:63-64) wonten kaluwihan anggenipun ngginakaken *media* pasinaon *Macromedia Flash Professional 8*. Kaluwihan manawi wonten ing pawiyatan menika ngginakaken *media* ingkang ukuran *file*ipun alit satemah anggenipun mindahaken *file media* pasinaon langkung gampang. Salajengipun gampang anggenipun *import file* saha kathah pilihanipun satemah katingal langkung alami. *File-ipun* dipunsimpen wonten ing *file exe* tanpa *nginstal flash* satemah saged dipunlampahaken kanthi *otomatis* sasampunipun dipunlebetaken wonten ing *CD Ram komputer*. Gambar boten pecah nalika dipun-zoom,. *Font* boten ewah manawi boten wonten *font* wonten ing *komputer*, saha saged ndamel tombol *interaktif*.

*Flash* saged dipuntingali saking kalih perangan (Pranowo, 2011: 15) inggih menika:


1. *flash* minangka *software* ingkang damel *aplikasi*, *system informasi* saha damel *animasi*.
2. *flash* minangka *teknologi* kadhapuk *flash player* kangge ndayani lampahing *animasi*.

*Flash* inggih menika *program animasi* kanthi *basis vector* ingkang saged ngasilaken *file-file* ingkang alit satemah saged dipunakses kanthi gampang. *Flash* menika dipunjangkepi *tool-tool* kangge damel gambar ingkang salajengipun dipundamel *animasi*. Salajengipun *animasi-animasi* menika saged dipunlampahaken mawi *script* (*script* wonten *flash* menika dipunsebut *action script*).

*Macromedia Flash* menika dipunremeni dening tiyang kathah amargi paedahipun ingkang kathah. Paedahipun *Macromedia Flash* menika saged damel sedaya babagan ingkang wonten gayutanipun kaliyan *multimedia*. Wondene istilah-istilah ingkang dipunginakaken nalika damel pakarya wonten ing *Macromedia Flash* kados mekaten.

#### 1. *Menu bar*

*Menu bar* inggih menika *menu* dhasar wonten ing *aplikasi Macromedia Flash*. *Menu bar* menika baris ingkang isinipun prentah-prentah kangge ngolah *file flash*.



**Gambar 1: *Tampilan menu bar***

#### 2. *Tools*


*Tools* inggih menika satunggaling *panel* ingkang nampung *tombol-tombol* ingkang migunani kangge damel satunggaling *desain* wiwit saking tombol *cropping*, *drawing*, *path*, *shape*, *color* lan sapanunggalanipun.



**Gambar 2: Tampilan Tools**

### 3. Panel color


Istilah wonten *aplikasi Macromedia Flash* dipunginakaken kangge *modifikasi* warni wonten *objek* ingkang dipunpilih. *Panel color* menika nyameptakaken kalih warni ingkang saged dipunpilih inggih menika *stroke color* saha warni *fill color*.



### **Gambar 3: Tampilan panel color**

#### *4. Stage*

*Stage* inggih menika lembar kerja ingkang dipunginakaken kangge damel *animasi* utawi *movie* ingkang isinipun *objek-objek animasi*.




### **Gambar 4: Tampilan stage**

#### *5. Timeline*

*Timeline* menika ginanipun kangge nemtokaken dangunipun *animasi*, cacahipun *layer*, *frame*, mapanaken *scripts* saha pinten-pinten *animasi* sanesipun. Sedaya wujud *animasi* ingkang dipundamel menika dipunatur saha dipunpapanaken wonten *layer* ing *timeline*.


Wonten ing salebeting *timeline* menika wonten *layer* kaliyan *frame*. *Layer* inggih menika lembar kerja ingkang wosipun *objek* ingkang badhe dipunanimasikaken wonten ing *timeline*. Wondene *frame* inggih menika satunggaling perangan saking *layer* ingkang dipunginakaken kangge ngatur anggenipun damel *animasi*.



**Gambar 5: Tampilan timeline**

## 6. Properties

*Properties* menika kangge nampilaken *parameter* saking satunggaling tombol ingkang sampun dipunpilih satemah piranti kasebut saged dipunmaksimalaken paedahipun. *Panel properties* nampilaken *parameter* ingkang beda kaginaanipun kaliyan tombol ingkang sampun dipunpilih.



**Gambar 6: tampilan properties**

## B. Panaliten Ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan *media* inggih menika panaliten ingkang dipuntindakaken dening Hesti Mayasari, Didik Setiyo Prayogo saha Eti Winarningsih.

1. Panaliten Hesti Mayasari (06205241019) kanthi irah-irahan “*Pengembangan Macromedia Flash Sebagai Media Pembelajaran Aksara Jawa Untuk Siswa Sekolah Menengah Pertama*”. Panaliten Hesti Mayasari menika ngrembag

babagan panaliten *pengembangan pendidikan* ingkang nguji *kualitas media macromedia flash* saha wigatosing siswa. Bedanipun inggih menika babagan *materinipun*, panaliten Hesti Mayasari materinipun babagan Aksara Jawa.

Ingkang kangge kriteria pambijinipun inggih menika *evaluasi* tumrap *program* saking aspek gampang anggenipun mangertosi, *aspek* mandhiri anggenipun sinau, *aspek penyajian media*, saha *aspek nglampahaken media*. Panaliten menika ngrembag babagan panaliten *pengembangan pendidikan* ingkang nguji *kualitas media Macromedia Flash* saha pamanggih siswa. Bedanipun inggih menika babagan materinipun, panaliten Hesti Mayasari menika materinipun babagan aksara Jawi.

Asiling panaliten Hesti, ngandharaken bilih saking asiling analisis data *validasi* ahli materi gadhah kalih aspek pambiji pikantuk *presentase* 98% kanthi kategori sae sanget. Pambijinipun *validasi* ahli *media* gadhah kalih aspek pambiji dipunpanggihi *presentase* 88% kanthi kategori sae. Pambijinipun saking guru mata pelajaran basa Jawi gadhah kalih aspek pambiji dipunpanggihi *presentase* 83,3% kanthi kategori sae sanget, saha pambijinipun angket pamanggih siswa gadhah sekawan aspek dipunpanggihi *presentase* 67,3%.

Adhedhasar asiling *evaluasi* dosen ahli *media*, ahli materi, guru basa Jawi, saha angket pamanggih siswa kasebut dipunpanggihi pambiji *presentase* rata-rata 84,2%. *Media* pasinaon ingkang wujudipun *Macromedia Flash* saha materinipun Aksara Jawa kagolong kategori sae sanget

2. Panaliten Didik Setyo Prayogo (08205244038) kanthi irah-irahan “*Pengembangan Media Pembelajaran Pranatacara Untuk Siswa Kelas XI Sekolah Menengah Atas Dengan Adobe Flash Cs3 Pro*”. Panaliten Didik Setyo Prayogo cacahipun 30 siswa inggih menika siswa SMA kelas XI ing SMA N 8 Yogyakarta. Ingkang kangge kriteria pambijnipun inggih menika *evaluasi tumrap program saking aspek gampang anggenipun mangertosi, aspek mandiri anggenipun sinau, aspek penyajian media, saha aspek nglampahaken media*. Panaliten menika ngrembag babagan *penelitian pengembangan pendidikan ingkang nguji kualitas media Adobe Flash CS3 Pro saha pamanggih siswa*.

Asiling panaliten Didik, ngandharaken bilih saking asiling analisis data *validasi* ahli materi gadhah kalih aspek pambiji pikantuk *presentase* 91% kanthi kategori sae sanget. Pambijnipun *validasi* ahli *media* gadhah kalih aspek pambiji dipunpanggihi *presentase* 79% kanthi kategori sae. Pambijnipun saking guru mata pelajaran basa Jawi gadhah kalih aspek pambiji dipunpanggihi *presentase* 86% kanthi kategori sae sanget, saha pambijnipun angket pamanggih siswa gadhah sekawan aspek dipunpanggihi *presentase* 83,67%.

Adhedhasar asiling *evaluasi* dosen ahli *media*, ahli materi, guru basa Jawi, saha angket pamanggih siswa kasebut dipunpanggihi pambiji *presentase* rata-rata 84,9%, *media* pasinaon ingkang wujudipun *Adobe Flash CS3* saha materinipun pranatacara kagolong kategori sae sanget.

3. Panaliten Eti Winarningsih (08205241048) kanthi irah-irahan “*Pengembangan Media Pembelajaran Tata Krama Berjalan Menggunakan Aplikasi Adobe Flash*”

*CS3 Professional Untuk Siswa SMP Kelas VII*?. Panaliten Eti Winarningsih cacahipun responden inggih menika 31 siswa inggih menika siswa SMP N 3 Sleman kelas VII. Ingkang kangge kriteria pambijinipun inggih menika *evaluasi tumrap program saking aspek gampang anggenipun mangertosi, aspek mandhiri anggenipun sinau, aspek penyajian media, saha aspek nglampahaken media*. Panaliten menika ngrembag babagan panaliten *pengembangan pendidikan* ingkang nguji *kualitas media Adobe Flash Cs3 Professional* saha wigatosing siswa. Bedanipun kaliyan panaliten Eti Winarningsih inggih menika materinipun babagan tata krama mlampah ananging manawi panaliten menika ngrembag babagan unggah-ungguh mertamu wonten ing masarakat Jawi.

Asiling panaliten Eti, ngandharaken bilih saking asiling analisis data *validasi* ahli materi gadhah kalih aspek pambiji pikantuk *presentase* 96,4% kanthi kategori sae sanget. Pambijinipun *validasi* ahli *media* gadhah kalih aspek pambiji dipunpanggihi *presentase* 90,5% kanthi kategori sae. Pambijinipun saking guru mata pelajaran basa Jawi gadhah kalih aspek pambiji dipunpanggihi *presentase* 76% kanthi kategori sae sanget, saha pambijinipun angket pamanggih siswa gadhah sekawan aspek dipunpanggihi *presentase* 83,15%.

Adhedhasar asiling *evaluasi* dosen ahli *media*, ahli materi, guru basa Jawi, saha angket pamanggih siswa kasebut dipunpanggihi pambiji *presentase* rata-rata 86,51%, *media* pasinaon ingkang wujudipun *Adobe Flash CS3* saha materinipun tata krama mlampah kagolong kategori sae sanget.



### **C. Nalaring Panaliten**

Unggah-ungguh saged nedahaken pribadhinipun siswa mliginipun nalika mertamu saha nampi tamu. Nalika mertamu kita kadang kala boten nggatosaken wayahipun, boten caos kabar rumiyin, guneman kanthi boten nggatosaken kahanan. Anggenipun nampi tamu ugi makaten, kirang kurmat dhateng tamunipun. Adhedhasar prekawis menika prelu kawigatosanipun supados anggenipun mertamu saha nampi tamu saged trep kaliyan unggah-ungguhipun. Salajengipun dipundamel *media* ingkang saged nyengkuyung saha narik kawigatosanipun siswa. Supados siswa boten namung sinau babagan unggah-ungguh wonten ing sekolah ananging saged dipuntindakaken wonten ing pagesangan sedinten-dinten.

Pasinaon basa Jawi mliginipun wonten ing babagan unggah-ungguh nggadhahi pepalang, salah satunggalipun inggih menika kirang wonten *media* pasinaon ingkang nyengkuyung pasinaon. Kawontenan kados makaten panaliti menika damel *media* pasinaon unggah-ungguh arupi *CD media* pasinaon unggah-ungguh mertamu kanthi *aplikasi Macromedia Flash*.

Damel *media* pasinaon menika kedah dipunjumbuhaken kaliyan *kompetensi* saha dipuntindakaken uji *validasi media* pasinaon tumrap dosen ahli materi saha dosen ahli *media*, guru basa Jawi saha pamanggih siswa satemah panaliti pikantuk pamanggih tumrap *media*. Saking padamelan *media* menika panaliti nggadhahi pangajeng-ngajeng supados ngrancagaken pasinaon saha damel *media* pasinaon ingkang langkung sae, langkung narik kawigatosaning siswa saha siswa saged sinau kanthi mandhiri tanpa dipundampingi kaliyan guru.

## **BAB III**

### **CARA PANALITEN**

#### **A. Jinising Panaliten**

Panaliten menika ngginakaken panaliten *pengembangan* utawi *research and development (R&D)* inggih menika panaliten *pengembangan* minangka panaliten *procedural* kanthi nglampahi cara tartamtu kangge ngasilaken *produk* tartamtu saha nguji *kualitas produk* kasebut. Sugiyono (2010:297) ngandharaken bilih ngasilaken *produk* pasinaon tartamtu menika dipunginakaken kangge panaliten ingkang gadhah sipat *analisis* kabetahan saha kangge nguji *keefektifan produk* kasebut supados saged mupangat tumrap masarakat kathah. Cara panaliten inggih menika ngempalaken data kangge damel *media* pasinaon arupi *CD(Compact Disk)* kanthi ngginakaken *aplikasi Macromedia Flash*. *Media* ingkang dipundamel lajeng dipun*validasi* dosen ahli *media* saha dipunbiji dening guru basa Jawi satemah *media* saged dipunginakaken wonten ing pasinaon basa Jawi mliginipun materi unggah-ungguh mertamu.

#### **B. CaraDamel Media**

Anggenipun nliti saha damel *media* menika kedah nggatosaken cara damelipun. Miturut Padmo (2004: 418-423), nyerat bahan ajar ingkang wonten gegayutanipun kaliyan sistem pasinaon dipuntindakaken kanthi maneka warni cara. Wondene cara-caranipun inggih menika.

## 1. *Tahap* Nganalisis

### a. Nganalisis Kurikulum

Nganalisis kurikulum pasinaon basa, sastra lan budaya Jawi wonten ing wilayah Yogyakarta. Sasampunipun nganalisis kurikulum lajeng ngandharaken standar kompetensi (SK), kompetensi dasar (KD), nemtokaken indikator lan ngrancang materi pasinaon.

### b. Nganalisasi sasaran

Nganalisis sasaran inggih menika nganalisis siswa kelas X SMA/ SMK/MA saha Guru basa Jawi. Nganalisis sasaran menika dipuntindakaken supados materi wonten ing salebeting *media* jumbuh kaliyan ancasing padamelan *media* inggih menika kangge siswa kelas X SMA/SMK/MA.

### c. Nganalisis *Media*

Nganalisis *media* dipuntindakaken kanthi nganalisis *media* ingkang sampun dipundamel dening panaliti saderengipun kanthi ancas mangertosi kadospundi kaluwihan saha kakirangan saking *media* saderengipun. Nganalisis *media* menika dados *referensi* kangge damel *media* salajengipun.

## 2. *Tahap* damel *desain media*

Adhedasar asiling saking nganalisis salajengipun dipuntindakaken tahap damel *desain media*. *Tahap* damel *desain media* menika kangge nemtokaken wosipun *produk media* pasinaon ingkang badhe dipundamel ingkang wujudipun:

a. *flowchart*, inggih menika *diagram alur* cara damel *media* pasinaon. Kanthi ngginakaken *flowchart* menika pangripta saged nggambaraken kadospundi padamelan *media* kasebut.

b. Damel *naskah media* pasinaon unggah-ungguh, naskah menika dipundamel lajeng dipunsuwunaken pirsu dhateng pembimbing I saha Pembimbing II.

### 3. Tahap damel *media*

Sasampunipun damel *desain* lajeng *tahap damel medianipun*. Anggenipun damel *media* menika dipunwiwiti kanthi ngempalaken sumber materi saking buku-buku ingkang wonten gayutanipun kaliyan unggah-ungguh mertamu.


### 4. Tahap Validasi saha *ujicoba media*

*Tahap validasi saha ujicoba* menika dipuntindakaken kangge mangertosi *kualitas media* pasinaon ingkang dipundamel. Cara *validasi* dipuntindakaken dening dosen ahli *media*, lajeng guru basa Jawi saha siswa kelas X. *Ujicoba media* pasinaon unggah-ungguh basa Jawi menika dipuntindakaken wonten SMK Muhammadiyah 1 Tempel. Sasampunipun dipunevaluasi lajeng ngasilaken *tampilan produk media* ingkang sae.

### 5. Asiling *tampilanipun media*.

Adhedasar saking *validasi saha ujicoba* lajeng dipuntindakaken *revisi* tumrap *media* pasinaon. Sasampunipun dipunrevisi lajeng *media* pasinaon ingkang awujud CD kanthi ngginakaken *aplikasi Macromedia Flash* sampun siap dipunginakaken.

**Bagan 1: Alur Pengembangan Media Pasinaon dening Padmo(2004: 418-423)**



## **C. Pirantining Panaliten**

### **1. Cara Anggenipun mbiji**

Cara anggenipun mbiji inggih menika ngginakaken *desain deskriptif* kangge ngandharaken asil anggenipun mbiji *kualitas media* pasinaon saking dosen ahli *media*, guru basa Jawi saha *pamanggih* saking siswa lajeng dipunanalisis saha dipuntindakaken *revisi* tumrap *media*. Anggenipun mbiji *kualitas media* dipuntindakaken kanthi kalih tahap, inggih menika.

- 1). Tahap I, inggih menika *validasi* tumrap *media* pasinaon dening dosen ahli *media*.
- 2). Tahap II, inggih menika *validasi* tumrap *media* pasinaon dening guru basa Jawi saha *pamanggih* siswa minangka biji ingkang pungkasan.

### **2. Jinising Data**

Data ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika wujudipun data *kualitatif* saha *kuantitatif*. Data *kualitatif* saha data *kuantitatif* dipunandharaken kados mekaten menika.

#### **a) Data Kualitatif**

(1)Asiling saking *angket* biji *kualitas media*. Data *kualitatif* wujudipun biji *kategori*, inggih menika: *SS (Sae Sanget)*, *S (Sae)*, *C (Cekap)*, *K (Kirang)*, *KS (Kirang Sanget)*. Anggenipun mbiji *kualitas media* pasinaon ngginakaken *skala* biji saking *SS* dumugi *KS* amargi dosen ahli *media* saha guru basa Jawi sampun nggadhahi ngelmu gegayutan kaliyan materi. Ngelmu babagan unggah-ungguh basa Jawi saha babagan *media* pasinaoan ingkang dipundamel satemah saged mbiji kadospundi *kualitas media* pasinaon kasebut.

(2) Asil saking *angket pamanggih* siswa awujud *data kualitatif*. *Data kualitatif* awujud biji *kategori* inggih menika: *SS (Sarujuk Sanget)*, *S (Sarujuk)*, *RR (Ragu-ragu)*, *KS (Kirang Sarujuk)*, *BS (Boten Sarujuk)*. Pamanggih siswa tumrap *media pasinaon* ingkang dipundamel ngginakaken *skala* biji saking *SS* dumugi *BS* amargi siswa menika boten gadhah ngelmu ingkang gegayutan kaliyan materi.

**b) *Data Kuantitatif***

*Data* ingkang wujudipun biji *kategori* inggih menika: *SS (Sae Sanget)*, *S (Sae)*, *C (Cekap)*, *K (Kirang)*, *KS (Kurang Sanget)* sarta biji *kategori* inggih menika *SS (Sarujuk Sanget)*, *S (Sarujuk)*, *RR (Ragu-ragu)*, *KS (Kurang Sarujuk)*, *BS (Boten Sarujuk)* salajengipun dipunewahi dados *data kuantitatif*. *Data kuantitatif* inggih menika.

(1) *Data kuantitatif* saking *angket* anggenipun mbiji *kualitas media* ingkang wujudipun biji inggih menika: *SS: 5, S: 4, C: 3, K: 2, KS: 1* (Sugiyono, 20010: 135-136).

(2) *Data kuantitatif* saking *pamanggih* siswa ingkang wujudipun biji inggih menika: *SS: 5, S: 4, RR: 3, KS: 2, BS: 1* (Sugiyono, 2010: 135-136).

**D. Pirantining Ngempalaken *Data***

Wonten ing pirantining ngempalaken *data*, kaperang dados kadospundi pirantining anggenipun mbiji *kualitas media* saha kadospundi *pamanggih* siswa tumrap *media*. Biji saking *kualitas media* inggih menika saking ahli *media*, saha guru bahasa Jawi.

## 1. Pirantining Anggenipun Mbiji *Kualitas Media*

### a) Dosen Ahli *Media*

Pirantining pambiji *kualitas media* ingkang wujudipun *angket* kaperang dados kalih aspek pambiji inggih menika saking aspek *tampilan* saha aspek *pemrograman*. Aspek *tampilan* saha aspek *pemrograman* kaperang dados 19 indikator ingkang dipunandharaken kados makaten.

1) Aspek *tampilan*, kaperang dados 10 indikator. Wondene andharan saking aspek *tampilan* saged dipunpirsani wonten table ing ngandhap menika.

No.	Pernyataan	Wangsulan				
		SS	S	C	K	KS
1	Cethanipun pandom anggenipun ngginakaken program					
2	Seratan gampil dipunmangertosi					
3	Tatanan warni sampun trep					
4	<i>Konsistensi</i> anggenipun mapanaken tombol					
5	<i>Kualitas tampilan</i> gambaripun					
6	<i>Kualitas animasi</i>					
7	Trepipun gendhing ingkang ngiringi					
8	Trepipun <i>tampilan layar</i>					
9	Cethanipun suwanten					
10	Leres anggenipun ngginakaken basa					

2) Aspek *Pemrograman*, kaperang dados 9 indikator. Wondene andharan saking aspek *pemrograman* saged dipunpirsani wonten table ing ngandhap menika.

No.	Pernyataan	Wangsulan				
		SS	S	C	K	KS
1	Cethanipun <i>navigasi</i>					
2	<i>Konsisten</i> anggenipun ngginakaken tombol					
3	Cethanipun pandom					
4	Gampil anggenipun ngginakaken					



	<i>media</i>					
5	<i>Efisien</i> anggenipun ngginakaken <i>layer</i>					
6	<i>Efisiensi</i> teks					
7	<i>Respon</i> dhateng siswa					
8	Cepetipun program					
9	<i>Media</i> saged narik kawigatosan					

### b) Guru Basa Jawi

Pirantining pambiji *kualitas media* ingkang wujudipun *angket* kaperang dados kalih aspek pambiji inggih menika leresipun *konsep* saha *kompetensi* lan aspek *kualitas tampilan*. Aspek kasebut dipunperang dados 10 indikator, inggih menika.

1) *Aspek* leresipun konsep saha *kompetensi* kaperang dados 5 indikator. Wondene andharan saking *aspek* leresipun konsep saha *kompetensi* saged dipunpirsani wonten table ing ngandhap menika.

No.	Pernyataan	Wangsulan				
		SS	S	C	K	KS
1	Jumbuhipun materi kaliyan kompetensi dasar ingkang wonten ing Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP)					
2	Urutanipun materi sampun trep					
3	Cethanipun <i>evaluasi</i> utawi gladhen					
4	Jumbuhipun <i>media</i> ingkang dipunginakaken kaliyan kompetensi dasar					
5	Cethanipun basa kaliyan ejaan ingkang dipunginakaken					

2) *Aspek kualitas tampilan*, kaperang dados 5 indikator. Wondene andharan saking *aspek kualitas tampilan* saged dipunpirsani wonten table ing ngandhap menika.

No.	Pernyataan	Wangsulan				
		SS	S	C	K	KS
1	Cethanipun pandom anggenipun ngginakaken <i>media interaktif</i> wonten ing pasinaon unggah-ungguh mertamu kanthi <i>aplikasi Macromedia Flash</i>					
2	Trepipun tatanan warni					
3	<i>Tampilan</i> ipun menu					
4	Jinis saha ukuranipun teks					
5	<i>Kualitas</i> gambar wonten ing <i>adegan animasi</i>					

### c) Pirantining Pamanggih Siswa

Pirantining pamanggih siswa kaperang dados sekawan aspek kanthi 18 indikator. Angket pamanggih siswa dipunandharaken kados makaten.

- 1) Aspek gampilipun mangertosi, kaperang dados 6 indikator. Wondene andharan saking *aspek* gampilipun mangertosi saged dipunpirsani wonten table ing ngandhap menika.

No	Pernyataan	Wangsulan				
		SS	S	RR	KS	BS
1	<i>Media</i> pasinaon menika maringi seserepan ingkang sae babagan materi unggah-ungguh mertamu kangge siswa					
2	Materi unggah-ungguh mertamu ingkang dipunandharaken wonten <i>media</i> pasinaon menika saged dipunmangertosi dening siswa kanthi gampil					
3	Sasampunipun sinau kanthi ngginakaken <i>media</i> pasinaon menika siswa saged nindakaken unggah-ungguh mertamu					
4	Gladhen soal utawi pitaken-pitaken wonten <i>media</i> pasinaon menika saged nuntun siswa kangge mangertosi materi					
5	Gladhen soal wonten <i>media</i> pasinaon unggah-ungguh menika saged dipunгарap sedaya kanthi					

	gampil					
6	Kawruh Basa mbiyantu siswa kangge mangertosi tembung-tembung ingkang boten dipunmangertosi					

2) Aspek *kemandirian* sinau, kaperang dados 4 indikator. Wondene andharan *aspek kemandirian* sinau saged dipunpirsani wonten ing ngandhap menika.

No	Pernyataan	Wangsulan				
		SS	S	RR	KS	BS
1	<i>Media</i> pasinaon menika maringi kalodhangan siswa supados sinau kanthi mandhiri					
2	Siswa saged remen sinau materi unggah-ungguh mertamu kanthi ngginakaken <i>media</i> menika					
3	Kanthi ngginakaken <i>media</i> pasinaon menika nggampilaken siswa kangge ngambali materi unggah-ungguh mertamu					
4	<i>Media</i> pasinaon menika saged dipunginakaken kangge sinau piyambak wonten griya					

3) Aspek *penyajian media*, kaperang dados 6 indikator. Wondene andharan saking *aspek penyajian media* saged dipunpirsani wonten table ing ngandhap menika.

No.	Pertanyaan	Wangsulan				
		SS	S	RR	KS	BS
1	Teks utawi seratan wonten <i>media</i> menika katingal cetha saha gampil dipunwaos					
2	Materi dipunandharaken kanthi basa ingkang prasaja satemah siswa gampil anggenipun mangertosi					
3	<i>Tampilan media</i> menika narik kawigatosan siswa					
4	Warnipun <i>background</i> kaliyan teks katingal trep					
5	Gambar saha <i>animasi</i> katingal cetha					
6	<i>Backsound</i> utawi gendhing ingkang ngiringi narik kawigatosan satemah siswa saged ngraosaken remen nalika sinau ngginakaken <i>media</i> menika					

4) *Aspek pengoperasian media* kaperang dados 4 indikator. Wondene andharan saking *aspek pengoperasian media* saged dipunpirsani wonten table ing ngandhap menika.

No.	Pernyataan	Wangsulan				
		SS	S	RR	KS	BS
1	Pandom anggenipun ngginakaken gampil dipunmangertosi, satemah siswa saged ngginakaken <i>media</i> pasinaon menika kanthi gampil					
2	Tombol ingkang cumawis wonten ing <i>media</i> menika gampil dipunginakaken					
3	<i>Media</i> piwulangan menika saged dipunginakaken siswa kanthi gampil tanpa pambiyantu tiyang sanes					
4	Kanthi sedayanipun <i>media</i> menika gampil dipunginakaken					

### E. Cara Nganalisis Data

Caranipun nganalisis data wonten ing panaliten *pengembangan* menika wonten kalih tahap, inggih menika.

#### 1. Ngewahi *kategori* dados skor**biji**

Anggenipun mbiji ingkang wujudipun *kategori* lajeng dipunewahi dados skor biji. Ewah-ewahanipun biji *kategori* dados skor biji ngginakaken *kriteria* inggih menika.

a. Anggenipun mbiji *kualitas media*

**Tabel 1: Anggenipun mbiji *kualitas media***

Kirang Sanget (KS)	Dipunsukani biji 1
Kirang (K)	Dipunsukani biji 2
Cekap (C)	Dipunsukani biji 3
Sae (S)	Dipunsukani biji 4
Sae Sanget (SS)	Dipunsukani biji 5

b. Pamanggih siswa

**Tabel 2: Pamanggih siswa**

Boten Sarujuk (BS)	Dipunsukani biji 1
Kurang Sarujuk (KS)	Dipunsukani biji 2
Ragu-ragu (RR)	Dipunsukani biji 3
Sarujuk (S)	Dipunsukani biji 4
Sarujuk Sanget (SS)	Dipunsukani biji 5

## 2. Nganalisis skor

Miturut Sugiyono (2010:137), *proses* nganalisis skor dipunlampahi kanthi cara ngetang skor ingkang dipunpikantuk saking panaliten ingkang dipunperang mawi jumlah skor ideal kangge sedaya *item* ingkang dipunpingaken 100%.

a. *Kategori anggenipun mbiji kualitas media pasinaon*

**Tabel 3: *Kategori anggenipun mbiji kualitas media pasinaon***

<i>Tingkat Anggenipun mbiji</i>	<i>Kategori</i>
0% - 20%	<i>Kirang Sanget(KS)</i>
20,1% - 40%	<i>Kirang (K)</i>
40,1% - 60%	<i>Cekap (C)</i>
60,1% - 80%	<i>Sae (S)</i>
80,1% - 100%	<i>Sae Sanget (SS)</i>

b. *Kategori anggenipun mbiji pamanggih siswa*

**Tabel 4: *Kategori anggenipun mbiji pamanggih siswa***

<i>Tingkat Anggenipun mbiji</i>	<i>Kategori</i>
0% - 20%	<i>Boten Sarujuk (BS)</i>
20,1% - 40%	<i>Kirang Sarujuk (KS)</i>
40,1% - 60%	<i>Ragu-ragu (RR)</i>
60,1% - 80%	<i>Sarujuk (S)</i>
80,1% - 100%	<i>Sarujuk Sanget (SS)</i>

Kantheni matematis saged dipuntedahaken kantheni rumus ingkang sami kaliyan:

$$\text{Presentase tingkat pambiji} = \frac{\sum \text{Skor yang diperoleh dari penelitian}}{\sum \text{skor yang ideal seluruh item}} \times 100\%$$

## **BAB IV**

### **ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN**

#### **A. Asiling Panaliten**

##### **1. Tahap-tahap Damel Media**

Anggenipun damel *media* pasinaon menika kedah nggatosaken *tahap-tahap* ingkang sampun dipuntektokaken. *Tahap-tahap* menika dipuntindakaken kanthi urutan wiwit saking (1) *tahap* nganalisis, (2) *tahap* damel *desain media*, (3) *tahap* damel *media*, (4) *tahap validasi* saha *ujicoba media*, saha (5) *asiling tampilanipun media*.

*Tahap* nganalisis menika *tahap analisis* kurikulum saha ningali kawontenanipun siswa SMK Muhammadiyah 1 Tempel. *Tahap* menika dipuntindakaken kangge nganalisis kabetahan tumrap *pengembangan produk media* pasinaon. Tahap nganalisis wonten ing mriki inggih menika kanthi cara nganalisis *kurikulum* pasinaon basa, sastra lan budaya Jawi wonten ing wilayah Yogyakarta. Sasampunipun nganalisis kurikulum dipunpanggihi *standar kompetensi, kompetensi dasar, indikator* saha *materi* pasinaon. *Indikator* saha *materi* pasinaon dipunjumbuhaken kaliyan kahanan siswa.

Adhedhasar saking nganalisis kurikulum muatan lokal mata pelajaran basa, sastra lan budaya Jawi *berbasis KTSP* kangge siswa kelas X SMK Muhammadiyah 1 Tempel, kompetensi dasar (KD) inggih menika *menceritakan berbagai pengalaman dengan menggunakan bahasa Jawa sesuai dengan konteksnya, Kompetensi Dasar* dipunandharaken dados *indikator* inggih menika:

### *1. Kognitif*

*Siswa dapat menjelaskan pengertian unggah-ungguh*

*Siswa dapat membandingkan antara unggah-ungguh mertamu dengan nampi tamu*

*Siswa dapat menyimpulkan tentang unggah-ungguh mertamu yang benar*

### *2. Psikomotor*

*Siswa dapat mempraktikan/simulasi unggah-ungguh mertamu di dalam kelas*

### *3. Afektif*

*Siswa dapat mengaplikasikan unggah-ungguh mertamu dalam kehidupan sehari-hari*

Ingkang kedah dipungatosaken nalika nganalisis *kurikulum* inggih menika ningali kahanan siswa anggenipun mangertosi materi unggah-ungguh mertamu. Siswa SMK Muhammadiyah 1 Tempel nalika piwulangan unggah-ungguh mertamu menika kirang gadhah greget satemah siswa kirang mangertosi babagan materi unggah-ungguh mertamu. Ningali kahanan kados makaten Guru nyengkuyung sanget manawi wonten padamelan *media* unggah-ungguh mertamu awujud *CD (Compact Disk)* kanthi ngginakaken *software Macromedia Flash*. *Media* pasinaon menika dipunginakaken supados saged narik kawigatosan satemah siswa remen sinau babagan materi unggah-ungguh mertamu saha *media* menika dados pirantos kangge mbiyantu siswa lan guru anggenipun nindakaken piwulangan.

Sasampunipun nganalisis kurikulum lajeng nindakaken nganalisis sasaran, inggih menika nganalisis siswa kelas X SMK Muhammadiyah 1 Tempel saha Guru basa Jawi. Salajengipun nganalisis sasaran lajeng nganalisis *media*, menika dipuntindakaken kanthi nganalisis *media* ingkang sampun dipundamel dening panaliti



saderengipun kanthi ancas mangertosi kados pundi kaluwihan saha kakirangan saking *media* saderengipun.

*Tahap* ingkang salajengipun inggih menika *tahap* damel *desain media*. *Tahap* damel *desain media* menika kangge nemtokaken wosipun *produk media* pasinaon ingkang badhe dipundamel. Sasampunipun damel *desain* lajeng *tahap* damel *media*. Anggenipun damel *media* menika dipunwiwiti kanthi ngempalaken sumber materi, salajengipun materi kasusun lajeng damel *flowchart*. Kanthi ngginakaken *flowchart* menika pangripta saged nggambaraken kadospundi anggenipun damel *media*.

*Tahap* ingkang salajengipun inggih menika *tahap validasi* saha *ujicoba media*. *Tahap validasi* saha *ujicoba* menika dipuntindakaken kangge mangertosi *kualitas media* pasinaon ingkang dipundamel. *Tahap validasi* menika mbetahaken dosen ahli *media*, *ujicoba media* menika mbetahaken guru basa Jawi saha siswa kelas X. *Ujicoba media* pasinaon unggah-ungguh basa Jawi menika dipuntindakaken wonten SMK Muhammadiyah 1 Tempel. Sasampunipun dipun*evaluasi* lajeng ngasilaken *tampilan produk media* ingkang sae.

## **2. Asiling Evaluasi Kualitas Media dening Dosen Ahli Media saha Guru Basa Jawi**

*Media interaktif* pasinaon unggah-ungguh mertamu saderengipun dipun*ujicoba* kedah dipun*evaluasi kualitas*ipun mawi *validasi* dening saha dosen ahli *media*. Dosen ahli *media* maringi *evaluasi* tumrap *kualitas media* saking perangan-perangan

ingkang sampun dipuntemtokaken. *Validasi* dening dosen ahli *media* saged dipunpirsani wonten andharan menika.

#### **a. Validasi Ahli Media**

*Validasi* dosen ahli *media* tumrap *kualitas media* pasianon ingkang dipundamel menika kangge maringi biji saha pamrayogi ingkang sae kanthi lisan saha seratan babagan sedaya *kualitas tampilan media* ingkang sampun dipundamel. *Validasi* menika dipuntindakaken kanthi cara nyaosaken *media* arupi CD (*Compact Disk*) saprelu dipunpirsani sarta nyaosaken lembar *validasi media* pasinaon dening ahli *media*. Salajengipun pamrayogi saking dosen ahli *media* menika dados dhasar kangge *revisi* satemah mindhakaken *kualitasipun media*.

*Validator media* minangka ahli *media* inggih menika Ibu Avi Meilawati, S.Pd, M.A, piyambakipun minangka Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah. *Validasi* ahli *media* tumrap *media* pasinaon dipuntindakaken kanthi kalih tahap. Biji *kualitas media* dening ahli *media* kaperang dados 10 indikator ingkang kalebet perangan *tampilan* saha 9 indikator wonten perangan *pemrograman*. *Media* ingkang dipuncaosaken dhumateng dosen ahli *media* ingkang wujudipun sedaya *tampilan media* pasinaon.

Proses *validasi* dosen ahli *media* menika dipuntindakaken kanthi mirsani saha neliti sedaya *tampilan media* wiwit saking *tampilan* ingkang purwaka dumugi pungkasan wonten ing *media* pasinaon. *Validasi* dosen ahli *media* menika dipunambali dumugi *media* pasinaon ingkang dipundamel menika dipunsarujuki

sampun layak dipun*ujicoba* dhumateng siswa kelas X. *Tahap validasi kualitas media* dening dosen ahli *media* saged dipunpirsani wonten ngandhap menika.

**1) Validasi Kualitas Media dening Dosen Ahli Media Perangan Tampilan**

*Validasi kualitas media* perangan *tampilan* dening dosen ahli *media* kaperang dados 10 indikator. *Validasi* dening ahli *media* tumrap *kualitas media* perangan *tampilan* kaperang dados tigang *tahap* inggih menika *tahap I* saha *tahap II*. Wondene asiling *validasi kualitas media* perangan *tampilan* dening dosen ahli *media* saged dipunpirsani wonten tabel ing ngandhap menika.

**Tabel 5. Asiling Validasi I Kualitas Media dening Dosen Ahli Media Wonten ing Perangan Tampilan**

No	Indikator	Validasi I	
		Kategori	Skor
1	Cethanipun pandom anggenipun ngginakaken program	S	4
2	Seratan gampil dipunmangertosi	S	4
3	Tatanan warni sampun trep	S	4
4	Konsistensi anggenipun mapanaken tombol	S	4
5	Kualitas tampilan gambaripun	S	4
6	Kualitasantimasi	S	4
7	Trepipun gendhing ingkang ngiringi	S	4
8	Trepipun tampilan layar	S	4
9	Cethanipun suwanten	S	4
10	Leres anggenipun ngginakaken basa	S	4
<b>Rata-rata presentase biji kualitas media dening dosen ahli media tahap I</b>		<b>80 %</b> Sae	

Adhedhasar tabel wonten ing nginggil, saged dipunmangertosi *presentase* biji *kualitas media* pasinaon dening dosen ahli *media* *tahap I* perangan *tampilan* 80%. Dosen ahli *media* maringi pamrayogi supados tombol *navigasi* prelu dipuntambah

kangge pilihan pandom ing materi, pangertosan, tata krama mlampah lan tuladha mertamu menika dipuntambahi supados cepet anggenipun mapanaken menunipun.

Sasampunipun *media* pasinaon dipundandosi, lajeng pangripta nindakaken *validasi kualitas media tahap II*. Wondene biji *kualitas media* pasinaon dening dosen ahli *media tahap II* saged dipunpirsani wonten tabel ing ngandhap menika.

**Tabel 6. Asiling Validasi Kualitas Media dening Dosen Ahli Media Tahap II Wonten ing Perangan Tampilan**

No	Indikator	Validasi II	
		Kategori	Skor
1	Cethanipun pandom anggenipun ngginakaken program	S	4
2	Seratan gampil dipunmangertosi	S	4
3	Tatanan warni sampun trep	S	4
4	<i>Konsistensi</i> anggenipun mapanaken tombol	S	4
5	<i>Kualitas</i> tampilan gambaripun	S	4
6	<i>Kualitas animasi</i>	S	4
7	Trepipun gendhing ingkang ngiringi	S	4
8	Trepipun <i>tampilan layar</i>	S	4
9	Cethanipun suwanten	S	4
10	Leres anggenipun ngginakaken basa	S	4
<b>Rata-rata presentase biji kualitas media dening dosen ahli media tahap II</b>		<b>80% (Sae)</b>	

Adhedhasar tabel wonten ing nginggil, saged dipunmangertosi *presentase* biji *kualitas media* pasinaon dening dosen ahli *media tahap II*. Asiling *validasi tahap II* perangan *tampilan* pikantuk *presentase* sami inggih menika 80% ingkang kagolong *kategori sae*, kalebet *kategori sae* katiti saking sedaya *tampilan* wonten ing salebeting *media* menika sampun sae.

Ningali saking biji *validasi tahap I* saha *tahap II*, *media* ingkang dipundamel menika dipundandosi jumbuh kaliyan pamrayoginipun dosen ahli *media*. Wondene

andharan biji *kualitas media* pasinaon perangan *tampilan* dening dosen ahli *media* inggih menika.

1) Cethanipun pandom anggenipun ngginakaken program

Cethanipun pandom wonten ing *validasi I saha II* pikantuk biji ingkang kagolong *kategori* sae. Wonten indikator cethanipun pandom anggenipun ngginakaken *program* menika kagolong sae tegesipun wonten *media* menika pandom anggenipun ngginakaken *media* sampun cetha, satemah saged nggampilaken tiyang ingkang ngginakaken *media* menika.

2) Seratan gampil dipunmangertosi

Indikator seratan gampil dipunmangertosi wonten ing *validasi I saha II* pikantuk biji ingkang kagolong *kategori* sae. Kagolong sae tegesipun seratan ing salebeting *media* menika sampun sae lan cetha. Seratanipun wonten *media* menika dipundamel ageng sarta ngginakaken aksara ingkang cetha, satemah saged dipunmangertosi kanthi gampil.

3) Tatanan warni sampun trep

Indikator tatanan warni sampun trep menika pikantuk biji ingkang kagolong *kategori* sae wonten ing *validasi I saha II*. Tegesipun tatanan warni ing salebeting *media* menika sampun trep lan sampun katingal sae. Tatanan warninipun sampun jumbuh antawisipun seratan kaliyan warni *background* satemah *media* menika katingal cetha.

4) *Konsistensi* anggenipun mapanaken tombol

Indikator *konsistensi* anggenipun mapanaken tombol wonten ing *validasi tahap I* saha *II* pikantuk biji ingkang kagolong *kategori* sae. Pikantuk biji sae katiti saking *tombol, layout* saha *link* wonten ing *media* sampun dipundadosi satemah sampun trep utawi sampun konsisten.

5) *Kualitas tampilan* gambaripun

Indikator *kualitas tampilan* gambaripun wonten *validasi I* saha *II* pikantuk biji 4, ingkang kagolong *kategori* sae. Kagolong kategori sae katiti saking *layout* wiwitan sampun dipunpilih salah setunggal saha gambar animasi wonten ing tuladha kenduri sampun dipundadosi. Gambar ing salebeting *media* menika sampun trep, saged narik kawigatosan lan mbiyantu siswa anggenipun mangertosi materi.

6) *Kualitas animasi*

Indikator *kualitas animasi* wonten *validasi tahap I* saha *II* pikantuk biji ingkang kagolong *kategori* sae. Kagolong sae katiti saking gambaripun utawi *animasi* wonten ing *media* sampun sae lan trep, sampun trep kaliyan karakter siswa kelas X. Gambar utawi *animasi* saged narik kawigatosan siswa, satemah siswa remen anggenipun sinau materi unggah-ungguh mertamu ngginakaken *media*.

7) Trepipun gendhing ingkang ngiringi

Indikator trepipun gendhing ingkang ngiringi wonten *validasi I* saha *II* pikantuk biji ingkang kagolong *kategori* sae. Biji sae menika katiti saking gendhing ingkang ngiringi saben layer menika dipundamel beda. Gendhing ingkang ngiringi

menika ugi nyengkuyung sanget tumrap pangangenipun *media* wonten ing proses pasinaon.

8) Trepipun *tampilan layar*

Indikator trepipun *tampilan layar* wonten *validasi tahap I* saha *validasi tahap II* pikantuk biji ingkang sami inggih menika kagolong *kategori* sae. Pikantuk biji ingkang kagolong sae menika amargi *tampilan media* wiwit saking kaca menu utama dumugi pungkasan sampun jumbuh lan katingal sae. Kanthi makaten *media* menika saged narik kawigatosan siswa sarta saged ndadosaken siswa remen ngginakaken *media* menika kangge sinau materi unggah-ungguh mertamu.

9) Cethanipun suwanten

Wonten *validasi tahap I* saha *tahap II* indikator cethanipun suwanten pikantuk biji ingkang kagolong *kategori* sae. Biji sae menika katiti saking gendhing wonten ing *media* menika sampun dipundamel *volumenipun*, satemah suwantenipun gendhing saged dipunmirengaken kanthi lirih ugi saged kanthi sora. Salajengipun suwanten wonten ing materi saha tuladha ingkang wujudipun *animasi* sampun cetha.

10) Leres anggenipun ngginakaken basa.

Indikator leres anggenipun ngginakaken basa wonten *validasi I* saha *tahap II* inggihmenika pikantuk biji ingkang kagolong *kategori* sae. Pikantuk biji ingkang kagolong sae menika katiti saking *media* menika sampun ngginakaken basa ingkang leres. Adhedhasar sedayanipun, basa ingkang dipunginakaken wonten *media* menika sampun leres sarta saged dipunmangertosi kanthi sae dening tiyang ingkang ngginakaken *media*.

Sedaya biji *kualitas media* wonten perangan *tampilan* dening dosen ahli *media* ingkang dipuntindakaken mawi *validasi tahap I* saha *tahap II*. *Validasi tahap I* rata-rata *presentase* biji pikantuk 80%. Wonten *validasi I* dosen ahli *media* medharaken bilih *media* menika sampun layak dipunujicoba kanthi *revisi*. Babagan ingkang kedah dipundandosi inggih menika tombol *navigasi* prelu dipuntambah kangge pilihan pandom, materi lsp supados cepet anggenipun mapanaken menu. Wonten *validasi tahap II* rata-rata *presentase* biji pikantuk 80% ugi, menika kagolong *kategori sae*. Dosen ahli *media* medharaken bilih *media* menika sampun layak dipunujicoba kanthi boten wonten *revisi*.

## **2) Validasi Kualitas Media dening Dosen Ahli Media Perangan Pemrograman**

*Validasi kualitas media* perangan *pemrograman* dening dosen ahli *media* kaperang dados 9 indikator. Indikator-indikator menika antawisipun: cethanipun *navigasi*, *konsisten* anggenipun ngginakaken tombol, cethanipun pandom, gampang anggenipun ngginakaken *media*, *efisien* anggenipun ngginakaken *layer*, *efisiensi* teks, *respon* dhateng siswa, cepetipun *program*, *media* saged narik kawigatosan.

*Validasi* dening ahli *media* tumrap *kualitas media* perangan *pemrograman* kaperang dados kalih *tahap* inggih menika *tahap I* saha *tahap II*. Asiling *validasi kualitas media* perangan *pemrograman* dening dosen ahli *media tahap I* saged dipunpirsani wonten tabel ing ngandhap menika.



**Tabel 7. Asiling Validasi I Kualitas Media dening Ahli Media Wonten ing Perangan Pemrograman**

No	Indikator	Validasi I	
		Kategori	Skor
1	Cethanipun <i>navigasi</i>	C	3
2	<i>Konsisten</i> anggenipun ngginakaken tombol	S	4
3	Cethanipun pandom	S	4
4	Gampil anggenipun ngginakaken <i>media</i>	S	4
5	<i>Efisien</i> anggenipun ngginakaken <i>layer</i>	S	4
6	<i>Efisiensi</i> teks	S	4
7	<i>Respon</i> dhateng siswa	C	3
8	Cepetipun program	S	4
9	<i>Media</i> saged narik kawigatosan	S	4
<b>Rata-rata presentase saking skor pambiji kualitas media wonten ing perangan tampilan dening ahli media</b>		<b>75% (Sae)</b>	

Adhedhasar tabel 15 ing nginggil, saged dipunmangertosi *presentase* biji *kualitas* materi *media* pasinaon dening dosen ahli *media tahap I* perangan *pemrograman* pikantuk 75% ingkang kagolong *kategori* sae. Kagolong kategori sae katiti saking *konsisten* anggenipun ngginakaken tombol, cethanipun pandom, gampil anggenipun ngginakaken *media*, *efisiensi* anggenipun ngginakaken *layer*, *efisiensi* teks, cepetipun program lan *media* saged narik kawigatosan menika sampun sae lan trep.

Dosen ahli *media* maringi pamrayogi supados ndandosi babagan simulasi wonten ing *evaluasipun*. Wondene biji *kualitas media* pasinaon dening dosen ahli *media tahap II* perangan *pemrograman* saged dipunpirsani wonten tabel ing ngandhap menika.

**Tabel 8. Asiling Validasi II Kualitas Media dening Ahli Media Wonten ing Perangan Pemrograman**

No	Indikator	Validasi II	
		Kategori	Skor
1	Cethanipun <i>navigasi</i>	S	4
2	<i>Konsisten</i> anggenipun ngginakaken tombol	S	4
3	Cethanipun pandom	S	4
4	Gampil anggenipun ngginakaken <i>media</i>	S	4
5	<i>Efisien</i> anggenipun ngginakaken <i>layer</i>	S	4
6	<i>Efisiensi</i> teks	S	4
7	<i>Respon</i> dhateng siswa	S	4
8	Cepetipun program	S	4
9	<i>Media</i> saged narik kawigatosan	S	4
<b>Rata-rata presentase saking skor pambiji kualitas media wonten ing perangan tampilan dening ahli media</b>		<b>80% (Sae)</b>	

Adhedhasar tabel ing nginggil saged dipunpanggihi asiling *uji validasi* ahli *media* perangan *pemrograman* wonten ing *validasi II* pikantuk rata-rata pambiji 80% kanthi kategori sae. Menawi dipunpirsani saking sedaya indikator wonten perangan *pemrograman* menika sampun sae. *Media* menika gampil dipunginakaken katiti saking tombol-tombolipun sampun dipunjumbuhaken. Wontenipun pandom anggenipun ngginakaken *media* nggampilaken anggenipun ngginakaken *media*.

*Media* menika dipundamel supados saged narik kawigatosan siswa, satemah siswa remen nyinau materi unggah-ungguh mertamu. Wondene andharan biji *kualitas media* pasinaon perangan *tampilan* isi dening dosen ahli *media* inggih menika.

1) Cethanipun *navigasi*

Indikator cethanipun *navigasi* wonten *validasi tahap I* pikantuk biji ingkang kagolong *kategori* cepak. Tegesipun *navigasinipun* “pilihan menu” menika prelu dipuntambah supados *media* menika gampil dipunginakaken saha langkung cepet

anggenipun mapanaken menu. Sasampunipun *media* dipundadosi lajeng dipuntindakaken *validasi tahap II* ingkang pikantuk biji kategorinipun sae. Tombol-tombol ingkang wonten ing *media* menika saged dipunginakaken kanthi sae, satemah nggampilaken anggenipun ngginakaken *media* pasinaon unggah-ungguh mertamu.

### 2) *Konsisten* anggenipun ngginakaken tombol

Wonten *validasi tahap I* indikator *konsisten* anggenipun ngginakaken tombol menika pikantuk biji 4, ingkang kagolong *kategori* sae. Kalebet sae katiti saking tombol ingkang dipunsameptakaken wonten ing *media* menika sampun trep. Tombol ingkang dipunsameptakaken wonten *media* pasinaon menika saged dipunginakaken tumrap panganggenipun *media* jumbuh kaliyan papan saha kabetahanipun proses pasinaon. *Media* menika ugi dipunjangkepi pandom, satemah saged nggampilaken siswa tumrap panganggenipun *media* pasinaon unggah-ungguh mertamu menika.

### 3) Cethanipun pandom

Indikator cethanipun pandom wonten *validasi I* saha *II* pikantuk skor 4 kagolong indikator sae. Pandom wonten *media* menika dipunandharaken kanthi cetha lan gampil dipunmangertosi dening tiyang ingkang ngginakaken *media*. Pandom wonten *media* menika kaperang dados kalih, inggih menika pandom anggenipun ngginakaken *media* saha pandom anggenipun nggarap gladhen. Pandom menika dipundamel kangge nggampilaken anggenipun ngginakaken *media* sarta nggampilaken siswa menawi badhe nggarap gladhen.

4) Gampil anggenipun ngginakaken *media*

Biji indikator gampil anggenipun ngginakaken *media* wonten *validasi tahap I saha II* kagolong *kategori sae*. *Media* menika gampil dipunginakaken jalaran *media* menika dipunjangkepi pandom anggenipun ngginakaken *media*. Sasanesipun menika tombol-tombolipun ugi saged nggampilaken anggenipun ngginakaken *media* pasinaon unggah-ungguh mertamu menika.

5) *Efisien* anggenipun ngginakaken *layer*

Indikator *efisien* anggenipun ngginakaken *layer* wonten *validasi tahap I saha tahap II* pikantuk biji ingkang kagolong *kategori sae*. *Layer* ingkang wonten *media* menika jumbuh kaliyan materi, seratan dipundamel langkung ageng saha dipunjumbuhakan kaliyan panjangipun utawi agengipun *layer*.

6) *Efisiensi* teks

Indikator *efisien* teks wonten *validasi tahap I saha tahap II* pikantuk biji ingkang kagolong *kategori sae*. Teks utawi seratan ngandharaken materi kanthi sedayanipun sampun *efisien*. Materi unggah-ungguh mertamu dipunandharaken kanthi panganggenipun seratan sarta ukara ingkang prasaja, satemah saged dipunmangertosi siswa SMA/SMK/MA kanthi gampil.

7) *Respon* dhateng siswa

Biji indikator *respon* dhateng siswa wonten *validasi tahap I* pikantuk biji ingkang kagolong *kategori cekap*. Wonten ing gladhen dipuntambah *evaluasi* babagan simulasi anggenipun mertamu utawi nampi tamu satemah kaprigelan siswa menika saged dipunmangertosi kanthi ngginakaken *media*. Wondene wonten *validasi*

*tahap II* pikantuk biji ingkang kagolong *kategori sae*. Kagolong *kategori sae* sanget saged katiti saking gladhen ingkang dipundamel wonten *media pasinaon* menika sampun sae. *Respon* siswa tumrap *media pasinaon* menika sae sanget, kanthi *media* menika dadosaken proses pasinaon ingkang *aktif saha interaktif*.

8) Cepetipun *program*

Wonten *validasi tahap I saha tahap II* ahli *media* maringi biji ingkang kagolong *kategori sae*. Pikantuk biji kagolong *kategori sae* nedahaken bilih cepetipun *program* wonten *media* menika sampun sae. *Media pasinaon* unggah-ungguh mertamu menika saged dipunginakaken kanthi cepet.

9) *Media* saged narik kawigatosan

Biji indikator *media* saged narik kawigatosan wonten *validasi tahap I saha II* kagolong *kategori sae*. Tegesipun *media* unggah-ungguh mertamu menika saged narik kawigatosan siswa satemah siswa saged remen anggenipun sinau materi unggah-ungguh mertamu.

Adhedhasar *validasi tahap I saha tahap II* wonten nginggil, saged dipunmangertosi saking sedaya perangan *tampilan saha perangan pemrograman*. Wonten *validasi tahap I* sedaya perangan *tampilan saha perangan pemrograman* pikantuk *presentase 78%*. *Presentase* menika nedahaken bilih *media pasinaon* kagolong *kategori sae*. *Media pasinaon* unggah-ungguh mertamu layak dipunujicoba kanthi revisi, taksih wonten *navigasi* ingkang kedah dipundandosi utawi *revisi jumbuh kaliyan pamrayogi dosen ahli media*.

*Presentase biji kualitas media wonten validasi tahap II dipunpirsani saking perangan tampilan saha perangan pemrograman mindhak dados 80%. Presentase kasebut nedahaken bilih media pasinaon menika kagolong wonten kategori sae. Media pasinaon unggah-ungguh mertamu layak dipunujicoba kanthi boten wonten revisi. Presentase kasebut nedahaken bilih media pasinaon menika kagolong wonten kategori sae sanget. Tegesipun media interaktif pasinaon unggah-ungguh mertamu layak dipunujicoba kanthi revisi. Wondene validasi tahap I saha tahap II saged dipunpirsani wonten ngandhap menika.*

**Tabel 9. Asiling Mindhakupun Biji Wonten Validasi Kualitas Media Tahap I saha Tahap II dening Dosen Ahli Media**

No	Perangan	Tahap I	Tahap II
1	Pambiji Perangan <i>Tampilan</i>		
	a. Cethanipun pandom anggenipun ngginakaken program	4	4
	b. Seratan gampil dipunmangertosi	4	4
	c. Tatanan warni sampun trep	4	4
	d. <i>Konsistensi</i> anggenipun mapanaken tombol	4	4
	e. <i>Kualitas</i> tampilan gambaripun	4	4
	f. <i>Kualitas animasi</i>	4	4
	g. Trepipun gendhing ingkang ngiringi	4	4
	h. Trepipun <i>tampilan layar</i>	4	4
	i. Cethanipun suwanten	4	4
	j. Leres anggenipun ngginakaken basa	4	4
2	Pambiji Perangan <i>Pemrograman</i>		
	a. Cethanipun <i>navigasi</i>	3	4
	b. <i>Konsisten</i> anggenipun ngginakaken tombol	4	4
	c. Cethanipun pandom	4	4
	d. Gampil anggenipun ngginakaken <i>media</i>	4	4
	e. <i>Efisien</i> anggenipun ngginakaken <i>layer</i>	4	4
	f. <i>Efisiensi</i> teks	4	4
	g. <i>Respon</i> dhateng siswa	3	4
	h. Cepetipun program	4	4
	i. <i>Media</i> saged narik kawigatosan	4	4
	<b>Jumlah</b>	<b>74</b>	<b>76</b>
	<b>Mindhakupun Presentase</b>	<b>78% (Sae)</b>	<b>80 (Sae Sanget)</b>

## **b. Asiling Validasi Guru Basa Jawi**

*Kualitas media interaktif* pasinaon unggah-ungguh mertamu ugi dipunbiji dening guru basa Jawi saha siswa. Biji *kualitas media* pasinaon dening guru basa Jawi saha siswa menika dipuntindakaken sabibaripun dosen ahli *media* sampun maringi pasarujukan bilih *media* menika sampun layak dipunujicoba. *Validasi* guru basa Jawi dipuntindakaken dinten selasa Selasa, 18 Juni 2013. Wonten *tahap* menika ingkang dados *validator* guru mata pelajaran inggih menika Arif Purwanta, S.S. Piyambakipun minangka guru basa Jawi SMK Muhammadiyah 1 Tempel.

Proses *evaluasi kualitas media* dening guru basa Jawi menika kanthi nyaosaken lembar *evaluasi* saha pamrayogi babagan *media* pasinaon ingkang dipundamel. Biji *kualitas media* pasinaon dening guru basa Jawi menika ginanipun kangge mangertosi *kualitas media* dipunpirsani saking perangan leresipun *konsep* saha *kompetensi* sarta *kualitas tampilan*.

Proses *validasi* dening guru basa Jawi menika sesarengan kaliyan *ujicoba media* dening siswa kelas X. Guru saged mirsani kanthi langsung ngginakaken *media* wonten ing proses pasinaon. Guru basa Jawi menika maringi biji *media* saking kalih perangan inggih menika perangan leresipun *konsep* saha *kompetensi* sarta *kualitas tampilan*ipun (asiling angket bijidening dosen basa Jawi saged dipunpirsani wonten ing *lampiran*). Wondene biji *kualitas media* dening guru basa Jawi saged dipunpirsani wonten ing andharan menika.

**a) Perangan Leresipun Konsep saha Kompetensi**

Biji *kualitas media* dening guru basa Jawi perangan leresipun *konsep saha kompetensi* wonten 5 indikator, inggih menika: Jumbuhipun materi kaliyan kompetensi dasar ingkang wonten ing Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP), urutanipun materi sampun trep, cethanipun *evaluasi* utawi gladhen, jumbuhipun *media* ingkang dipunginakaken kaliyan kompetensi dasar, sarta cethanipun basa kaliyan ejaan ingkang dipunginakaken. Biji *kualitas media* perangan leresipun *konsep saha kompetensi* dening guru basa Jawi saged dipunpirsani wonten tabel menika.

**Tabel 10. Asiling Uji Validasi Guru Mata Pelajaran (Guru Basa Jawi) Perangan Leresipun Konsep saha Kompetensi**

No	Indikator	Skor	Kategori
1	Jumbuhipun materi kaliyan kompetensi dasar ingkang wonten ing Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP)	4	S
2	Urutanipun materi sampun trep	5	SS
3	Cethanipun <i>evaluasi</i> utawi gladhen	5	SS
4	Jumbuhipun <i>media</i> ingkang dipunginakaken kaliyan kompetensi dasar	4	S
5	Cethanipun basa kaliyan ejaan ingkang dipunginakaken	5	SS
<b>Rata-rata Persentase</b>		<b>92%</b>	<b>Sae Sanget</b>

Adhedhasar tabel 19 menika saged dipunmangertosi biji *kualitas media* pasinaon perangan leresipun *konsep saha kompetensi* dening guru basa Jawi. Wondene andharanipun kados mekatan.



1) Jumbuhipun materi kaliyan kompetensi dasar ingkang wonten ing Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP)

Indikator jumbuhipun materi kaliyan kompetensi dasar ingkang wonten ing *Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan* (KTSP) pikantuk skor 4 ingkang kagolong sae. Kompetensi dasar ingkang wonten *media* menika jumbuh kaliyan kurikulum samenika, satemah kompetensi dasar dipunginakaken minangka *acuan* kangge damel materi. Materi unggah-ungguh mertamu minangka materi ingkang wonten ing kurikulum pasinaon basa Jawi kurikulum KTSP semester gasal kangge siswa kelas X SMA/SMK/MA wonten tlatah Daerah Istimewa Yogyakarta (DIY).

2) Urutanipun materi sampun trep

Indikator urutanipun materi sampun trep pikantuk skor 5, ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Tegesipun materi ingkang dipunandharaken wonten *media* menika urutanipun sampun sae. Babagan menika katiti saking cethanipun andharan materi unggah-ungguh mertamu ingkang dipunjangkepi *animasi adegan* mertamu.

3) Cethanipun *evaluasi* utawi gladhen

Indikator cethanipun *evaluasi* utawi gladhen pikantuk skor 5, ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Anggenipun maringi gladhen mbiyantu sanget kangge ngukur kaprigelan siswa babagan unggah-ungguh mertamu. Wonten ing menu gladhen ugi sampun wonten pandom anggenipun nggarap gladhen, satemah siswa saged sinau kanthi mandhiri.

4) Jumbuhipun *media* ingkang dipunginakaken kaliyan kompetensi dasar

Indikator jumbuhipun *media* ingkang dipunginakaken kaliyan kompetensi dasar pikantuk biji ingkang kagolong *kategori sae*, inggih menika pikantuk skor 4. *Media* menika dipunjumbuhaken kaliyan *kompetensi dasar* ingkang wonten ing kurikulum inggih menika “*Menceritakan berbagai pengalaman dengan menggunakan bahasa Jawa sesuai dengan konteksnya*”. Ing salebeting *media* wonten *animasi adegan* unggah-ungguh mertamu ingkang dipunjangkepi suwanten saha seratan, satemah siswa saged sinau materi unggah-ungguh mertamu kanthi gampang.

5) Cethanipun basa kaliyan ejaan ingkang dipunginakaken

Indikator cethanipun basa kaliyan ejaan ingkang dipunginakaken pikantuk skor 5 ingkang kagolong *sae sanget*, tegesipun andharan materi wonten *media* menika ngginakaken basa sarta ejaan ingkang leres. Asiling biji *kualitas media* dening guru basa Jawi tumrap perangan leresipun *konsep saha kompetensi* pikantuk 92% ingkang kagolong *kategori sae sanget*. Saking menika nedahaken bilih perangan leresipun *konsep saha kompetensi* ing salebeting *media* ingkang dipundamel menika sampun sae sanget.

**b) Perangan *Kualitas Tampilan***

Biji *kualitas media* dening guru basa Jawi perangan *kualitas tampilan* wonten 5 indikator, inggih menika: cethanipun pandom anggenipun ngginakaken *media interaktif* wonten ing pasinaon unggah-ungguh mertamu kanthi *aplikasi Macromedia Flash*, trepipun tatanan warni, *tampilanipun* menu, jinis saha ukuranipun teks, sarta

*kualitas gambar wonten ing adegan animasi. Wondene biji kualitas media perangan kualitas tampilan dening guru basa Jawi saged dipunpirsani wonten tabel menika.*

**Tabel 11. Asiling Uji Validasi Guru Mata Pelajaran (Guru Basa Jawi)  
Perangan Kualitas Tampilan**

<b>No</b>	<b>Indikator</b>	<b>Skor</b>	<b>Kategori</b>
1	Cethanipun pandom anggenipun ngginakaken <i>media interaktif</i> wonten ing pasinaon unggah-ungguh mertamu kanthi <i>aplikasi Macromedia Flash</i>	5	SS
2	Trepipun tatanan warni	5	SS
3	<i>Tampilan</i> ipun menu	5	SS
4	Jinis saha ukuranipun teks	5	SS
5	<i>Kualitas gambar wonten ing adegan animasi</i>	4	S
<b>Rata-rata presentase biji kualitas media perangan kualitas tampilan dening guru basa Jawi</b>		<b>96%</b>	<b>Sae Sanget</b>

Adhedhasar tabel 20 saged dipunmangertosi biji *kualitas media pasinaon* ingkang dipundamel wonten perangan *kualitas tampilan* dening guru basa Jawi. Wondene andharan biji *kualitasipun media* kados mekaten.

- 1) Cethanipun pandom anggenipun ngginakaken *media interaktif* wonten ing pasinaon unggah-ungguh mertamu kanthi *aplikasi Macromedia Flash*

Indikator cethanipun pandom anggenipun ngginakaken *media interaktif* wonten ing pasinaon unggah-ungguh mertamu kanthi *aplikasi Macromedia Flash* pikantuk biji 5 ingkang kagolong *kategori sae sanget*. Wontenipun pandom panganggenipun *media saha pandom nggarap gladhen nggampilaken siswa anggenipun ngginakaken media*.

## 2) Trepipun tatanan warni

Indikator trepipun tatanan warni dening guru basa Jawi dipunparingi biji 5, ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Pikantuk biji *kategori* sae sanget amargi anggenipun milih komposisi warni wonten *media* menika sampun trep lan sae sanget. Tatanan warni menika ndadosaken *media* menika saged narik kawigatosan siswa satemah siswa remen ngginakaken *media* pasinaon unggah-ungguh mertamu menika.

## 3) *Tampilan*ipun menu

Indikator *tampilan*ipun menu pikantuk biji ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Pikantuk biji 5 menika katiti saking tombol-tombol ingkang wonten ing salebeting *media* menika sampun sae lan cetha, satemah saged nggampilaken siswa anggenipun ngginakaken *media*.

## 4) Jinis saha ukuranipun teks

Indikaor jinis saha ukuranipun teks pikantuk biji 5, ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Anggenipun milih jinis saha ukuran teks menika sampun sae, boten alit sanget ugi boten ageng sanget. Saben seratan wonten *media* menika saged dipunwaos kanthi cetha dening tiyang ingkang ngginakaken *media* menika. Cetha dipunpirsani kanthi mandhiri wonten *komputer*ipun piyambak-piyambak, ugi cetha dipunpirsani kanthi ngginakaken *LCD (Liquid Crystal Display)*.

## 5) *Kualitas* gambar wonten ing *adegan animasi*

Indikator *kualitas* gambar wonten *adegan animasi* pikantuk biji ingkang kagolong sae, tegesipun gambar ingkang wonten *adegan animasi* menika sampun

trep lan sae. Gambaripun menika jumbuh satemah saged mbiyantu siswa anggenipun mangertosi materi unggah-ungguh mertamu.

Asilipun biji *kualitas media* dening guru basa Jawi wonten indikator *kualitas tampilan* pikantuk *presentase* 96%, ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Saking menika nedahaken bilih perangan *kualitas tampilan* wonten *media* pasinaon unggah-ungguh mertamu ingkang dipundamel menika sae sanget.

Dipunpirsani saking sedaya biji *kualitas media* dening guru basa Jawi menika pikantuk rata-rata *presentase* 94%, ingkang kagolong *kategori* sae sanget. Tegesipun *media* pasinaon ingkang dipundamel menika sampun kagolong wonten *kriteria media* ingkang sae.

### **3. Pamanggih Guru Basa Jawi lan Siswa tumrap *Kualitas Andharan Materi saha Tampilan Media***

#### **a. Pamanggih Guru Basa Jawi**

Guru basa Jawi paring pamrayogi bilih *media* menika langkung sae menawi dipunparingi tuladha unggah-ungguh mertamu ingkang kirang trep satemah saged kangge *perbandingan* antawisipun unggah-ungguh ingkang leres kaliyan ingkang boten leres. Miturut guru basa Jawi *media* menika saged dipunginakaken wonten ing pasinaon unggah-ungguh mertamu.

#### **b. Pamanggih Siswa**

Kangge mangertosi pamanggih siswa babagan *kualitas media* pasinaon unggah-ungguh mertamu ingkang dipundamel menika kanthi *ujicoba media*. *Ujicoba*

*media* pasinaon unggah-ungguh mertamu dipuntindakaken sasampunipun *validasi* dosen ahli *media* sarta sampun dipunsarujuki bilih *media* sampun layak dipun*ujicoba*. Salajengipun dipuntindakaken *evaluasi kualitas media* dening siswa kelas X AP 2 SMK Muhammadiyah 1 Tempel cacahipun 28 siswa.

Wonten *proses ujicoba* menika, pangripta utawi panaliti minangka gurunipun lajeng dipuntengga bapak Arif Purwanta,S.S. Wonten SMK Muhammadiyah 1 Tempel menika cacahipun komputer ingkang winates menika ndadosaken pepalang wonten *proses ujicoba*, amargi wonten unit komputer ingkang dipunginakaken dening kalih siswa.

Siswa dipundampingi panaliti kangge miwiti ngginakaken *media* pasinaon unggah-ungguh mertamu.*Tahap ujicoba* dipunwiwiti kanthi nyameptakaken *komputer*, salajengipun bika *program media* pasinaon unggah-ungguh mertamu. Sasampunipun cumawis sedaya, panaliti maringi tuladha caranipun ngginakaken sarta ngandharaken materi pasinaon unggah-ungguh mertamu mawi LCD. Wiwit saking pambuka, menu utama, pandom anggenipun ngginakaken *media*, kompetensi, dumugi menu materi unggah-ungguh mertamu. Salajengipun siswa kelas X AP 2 sami tumut ngginakaken *media* wonten komputeripun piyambak-piyambak.

Materi wonten ing salebeting *media* kamot pangertosan unggah-ungguh mertamu, tata krama mertamu, tuladha anggenipun mertamu. Sasampunipun mlebet menu lan sampun mangertosi pangertosan unggah-ungguh mertamu, salajengipun mlebet wonten menu tata krama mertamu. Unggah-ungguh mertamu ing salebeting *media* menika wonten unggah-ungguh anggenipun mertamu saha nampi tamu. Guru

utawi panaliti dhawuhi siswa supados nge-*klik* tuladha saking satunggal lajeng dipunpirasani sareng-sareng. Menawi ing andharan materi menika wonten tembung-tembung ingkang dereng dipunmangertosi saged mirsani wonten kawruh basa. Sasampunipun mangertosi sedaya andharan materi, salajengipun siswa mlebet wonten menu gladhen lan nggarap gladhen ingkang wonten ing *media* menika.

Wonten gladhen menika siswa dipundhawuhi nggarap kanthi mandhiri. Nanging amargi wonten komputer ingkang dipunginakaken dening kalih siswa lajeng cara nggarapipun kanthi gantosan. Gladhen menika cacahipun 20 soal pilihan ganda. Menu gladhen dipunjangkepi pandom anggenipun nggarap soal. Wonten ing gladhen menika manawi wangsulan siswa leres medal tanda (✓) ananging manawi wangsulanipun siswa menika salah medal tanda (×).

Sasampunipun rampung nggarap soal menika siswa langsung saged mangertosi asilipun, satemah siswa saged mangertosi kaprigelanipun piyambak-piyambak. Siswa saged nyobi nggarap soal malih kanthi nge-*klik* tombol “dipunambali”. Sasampunipun sedaya siswa rampung lan sampun mangertosi kasil anggenipun nggarap soal.

Lampah ingkang salajengipun siswa dipundhawuhi ngisi saha nyerat pamrayogi wonten lembar *evaluasi* kanthi dhapukan angket. Kanthi menika saged dipunmangertosi kadospundi pamanggih siswa tumrap *media* pasinaon *interaktif* unggah-ungguh mertamu kanthi ngginakaken *aplikasi Macromedia Flash*. Pamanggih siswa tumrap *media* pasinaon *interaktif* unggah-ungguh mertamu kanthi ngginakaken *aplikasi Macromedia Flash* kamot 4 perangan, inggih menika perangan

gampilipun mangertosi, perangan *kemandirian* sinau, perangan *penyajian media*, sahaperaan *pengoperasian media*. Wondene andharan pamanggih siswa tumrap *media* pasinaon *interaktif* unggah-ungguh mertamu kados mekaten.

#### **a) Perangan Gampilipun Mangertosi**

Lembar *evaluasi* utawi angket pamanggih siswa tumrap *kualitas media* pasinaon perangan gampilipun mangertosi kamot 6 *pernyataan*. *Pernyataan-pernyataan* menika antawisipun: *media* pasinaon menika maringi seserepan ingkang sae babagan materi unggah-ungguh mertamu kangge siswa, materi unggah-ungguh mertamu ingkang dipunandharaken wonten *media* pasinaon menika saged dipunmangertosi dening siswa kanthi gampil, sasampunipun sinau kanthi ngginakaken *media* pasinaon menika siswa saged mangertosi kadospundi tuladha unggah-ungguh mertamu arupi gambar *animasi adegan* mertamu, gladhen soal utawi pitaken-pitaken wonten *media* pasinaon menika saged nuntun siswa kangge mangertosi materi, gladhen soal wonten *media* pasinaon unggah-ungguh mertamu menika saged dipungarap sedaya kanthi gampil, kawruh basa mbiyantu siswa kangge mangertosi tembung-tembung ingkang boten dipunmangertosi.

Siswa dipundhawuhi maringi pamanggih tumrap *kualita smedia* perangan gampilipun mangertosi kanthi nyukani tandha cethang wonten saben indikator. Wondene asiling angket pamanggih siswa tumrap *kualitas media* perangan gampilipun mangertosi saged dipunpirsani wonten tabel ing ngandhap menika.



**Tabel 12. Asiling Angket Pamanggih Siswa Perangan Gampilipun Mangertosi**

No	Nama Siswa	Skor kangge indikator ingkang angka:				
		1	2	3	4	5
1	Ambarsari	5	4	5	5	4
2	Ambarwati	5	4	4	4	5
3	Ana Riadhotun Khasana	4	4	4	3	4
4	Anggraeni Novian C	5	4	5	5	5
5	Anggun Kusumaningrum	5	4	5	4	4
6	Anik Lestari	4	3	4	5	4
7	Annisa Miftachurrohmah	5	4	4	4	4
8	Apriliana Indah Lestari	5	4	4	5	5
9	Desi Ariyanti	4	4	4	4	4
10	Duwi Yani	5	4	4	4	4
11	Dwi Puji Wuryanti	5	5	5	5	4
12	Elza Selvy Ningrum	5	4	4	5	5
13	Erika Nurmawati	4	4	4	4	4
14	Fiwit Dwijayanti	4	4	4	4	4
15	Meliana Lucky Maharani	4	4	3	4	4
16	Noviyanti	5	4	4	4	5
17	Nur Listianingrum	5	5	4	4	5
18	Nurul Listiyana	5	4	3	4	4
19	Nuzula Arfiana	5	5	4	4	5
20	Priati Puji Lestari	4	4	4	4	4
21	Riska Nur Pratiwi	5	4	5	5	5
22	Riza Arsinta	5	4	4	5	4
23	Rohmiyati	5	5	4	4	5
24	Sri Suryanti	4	4	4	4	4
25	Unun Fatimah	5	5	4	4	4
26	Wely Purmasari	4	3	4	5	4
27	Windi Anisatul M	5	3	4	5	4
28	Yuliana Endang D	5	5	4	4	5
<b>Jumlah</b>		126	115	115	121	122
<b>Rata-rata presentase skor perangan gampilipun mangertosi inggih menika 85,5% kagolong kategori sarujuk sanget.</b>						

Rata-rata *presentase* skor wonten perangan gampilipun mangertosi inggih menika 85,5%, ingkang kagolong *kategori* sarujuk sanget. Pamanggih siswa sarujuk sanget tumrap perangan gampilipun mangertosi, nedahaken bilih *media* pasinaon menika nggampilaken siswa anggenipun mangertosi materi pasinaon unggah-ungguh

mertamu. Kanthi makaten *media* menika mbiyantu sanget wonten proses pasinaon unggah-ungguh meratmu.

**b) Perangan *Kemandirian* Sinau**

Lembar *evaluasi* utawi angket pamanggih siswa tumrap *kualitas media* pasinaon perangan *kemandirian* sinau kamot 4 indikator. Indikator-indikator menika ing antawisipun: *media* pasinaon menika maringi kalodhangan siswa supados sinau kanthi mandhiri, siswa saged remen sinau materi unggah-ungguh mertamu kanthi ngginakaken *media* menika, kanthi ngginakaken *media* pasinaon nggampilaken siswa kangge ngambali materi unggah-ungguh mertamu, *media* pasinaon menika saged dipunginakaken kangge sinau piyambak wonten griya.

Siswa dipundhawuhi maringi pamanggih tumrap *kualitas media* pasinaon perangan *kemandirian* sinaukanthi nyukani tandha cethang wonten saben indikator. Asiling angket pamanggih siswa tumrap *kualitas media* perangan *kemandirian* sinau saged dipunpirsani wonten tabel ing ngandhap menika.

**Tabel 13. Asiling Angket Pamanggih Siswa Perangan *Kemandirian* Sinau**

No.	Nama Siswa	Skor kangge indikator ingkang angka:			
		1	2	3	4
1	Ambarsari	4	4	4	3
2	Ambarwati	5	4	4	4
3	Ana Riadhotun Khasana	4	4	4	5
4	Anggraeni Novian Ciptaning	4	3	4	3
5	Anggun Kusumaningrum	5	4	3	4
6	Anik Lestari	4	4	4	4
7	Annisa Miftachurrohmah	4	4	5	5
8	Apriliana Indah Lestari	4	4	5	4
9	Desi Ariyanti	4	4	4	4
10	Duwi Yani	4	4	5	5
11	Dwi Puji Wuryanti	4	5	4	5

12	Elza Selvy Ningrum	5	4	5	5
13	Erika Nurmawati	4	5	4	4
14	Fiwit Dwijayanti	4	4	4	4
15	Meliana Lucky Maharani	5	3	4	4
16	Noviyanti	4	3	5	5
17	Nur Listianingrum	4	5	4	5
18	Nurul Listiyana	5	4	4	4
19	Nuzula Arfiana	4	4	4	4
20	Priati Puji Lestari	4	4	4	4
21	Riska Nur Pratiwi	4	4	4	5
22	Riza Arsinta	4	5	5	4
23	Rohmiyati	4	5	4	5
24	Sri Suryanti	4	4	4	4
25	Unun Fatimah	4	3	4	5
26	Wely Purmasari	5	4	3	4
27	Windi Anisatul Muawanah	5	4	3	4
28	Yuliana Endang Dewiratna	4	4	4	4
Jumlah		<b>119</b>	<b>113</b>	<b>115</b>	<b>120</b>
<b>Rata-rata presentase skor perangan kemandirian sinau inggih menika 83,3% kagolong wonten kategori sarujuk sanget.</b>					

Rata-rata *presentase* skor wonten perangan *kemandirian* sinau inggih menika 83,3%, ingkang kagolong wonten *kategori* sarujuk sanget, tegesipun siswa remen ngginakaken *media* pasinaon menika. *Media* menika dipunjangkepi pandom anggenipun ngginakaken *media*, satemah siswa saged sinau materi unggah-ungguh mertamu kanthi mandhiri wonten griya.

### c) Perangan *Penyajian Media*

Lembar *evaluasi* utawi angket pamanggih siswa tumrap *kualitas media* pasinaon perangan *penyajian media* kamot 6 indikator. Indikator-indikator menika ing antawisipun: teks utawi seratan wonten *media* menika katingal cetha saha gampang dipunwaos, materi dipunandharaken kanthi basa ingkang prasaja satemah siswa gampang anggenipun mangertosi, *tampilan media* menika narik kawigatosan siswa,

warnipun *background* kaliyan teks katingal trep, gambar saha *animasi* katingal cetha, sarta *backsound* utawi gendhing ingkang ngiringi narik kawigatosan satemah siswa saged ngraosaken remen nalika sinau ngginakaken *media* menika.

Siswa dipundhawuhi maringi pamanggih tumrap *kualitas media* pasinaon perangan *penyajian media* kanthi nyukani tandha centhang wonten ing saben indikator. Wondene asiling angket pamanggih siswa tumrap *kualitas media* perangan *penyajian media* saged dipunpirsani wonten tabel ing ngandhap menika.

**Tabel 14. Asiling Angket Pamanggih Siswa Perangan *Penyajian Media***

No	Nama Siswa	Skor kangge indikator ingkang angka:					
		1	2	3	4	5	6
1	Ambarsari	4	4	5	5	5	5
2	Ambarwati	4	4	5	4	4	5
3	Ana Riadhotun Khasana	4	3	4	3	4	5
4	Anggraeni Novian Ciptaning	5	4	5	5	4	4
5	Anggun Kusumaningrum	5	4	5	5	4	5
6	Anik Lestari	4	3	4	3	4	5
7	Annisa Miftachurrohmah	5	5	5	5	4	4
8	Apriliana Indah Lestari	4	4	4	5	4	5
9	Desi Ariyanti	4	3	3	4	4	4
10	Duwi Yani	4	5	5	5	5	4
11	Dwi Puji Wuryanti	5	5	5	5	5	5
12	Elza Selvy Ningrum	5	5	5	5	5	5
13	Erika Nurmawati	5	4	5	4	4	5
14	Fiwit Dwijayanti	4	4	4	5	5	4
15	Meliana Lucky Maharani	4	3	5	4	4	4
16	Noviyanti	4	4	4	4	4	5
17	Nur Listianingrum	5	5	5	5	5	4
18	Nurul Listiyana	3	4	4	4	4	4
19	Nuzula Arfiana	5	4	5	5	5	5
20	Priati Puji Lestari	4	4	5	5	5	5
21	Riska Nur Pratiwi	5	5	5	5	4	5
22	Riza Arsinta	5	4	5	5	4	4
23	Rohmiyati	5	5	5	5	5	4
24	Sri Suryanti	4	4	4	4	4	4

25	Unun Fatimah	4	4	4	4	4	3
26	Wely Purmasari	4	3	4	3	4	4
27	Windi Anisatul Muawanah	4	3	4	3	4	5
28	Yuliana Endang Dewiratna	5	4	5	4	4	5
<b>Jumlah</b>		<b>123</b>	<b>113</b>	<b>128</b>	<b>123</b>	<b>121</b>	<b>126</b>
<b>Rata-rata <i>presentase</i> skor perangan <i>penyajian media</i> inggih menika 87,35% kagolong wonten <i>kategori sarujuk sanget</i>.</b>							

Rata-rata *presentase* skor wonten perangan *penyajian media* inggih menika 87,35%, ingkang kagolong wonten *kategori sarujuk sanget*. Dipunpirsani saking biji menika, nedahaken bilih siswa sarujuk sanget tumrap *penyajian media* menika saged narik kawigatosan siswa kangge unggah-ungguh mertamu. Babagan menika saged dipunpirsani saking *tampilan menu utama* ingkang narik kawigatosan, teks utawi seratanipun ugi katingal cetha, basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertosi, warni *background* kaliyan teks katingal trep, gendhing ingkang ngiringi saben *layer* dipundamel beda-beda satemah saged narik kawigatosan siswa, gambar saha *animasi* ugi katingal cetha. Kanthi menika *penyajian media interaktif* pasinaon unggah-ungguh mertamu menika sae, saged narik kawigatosan siswa sarta saged damel siswa remen anggenipun sinau materi unggah-ungguh mertamu.

#### **d) Perangan Pengoperasian Media**

Lembar *evaluasi* utawi angket pamanggih siswa tumrap *kualitas media* pasinaon perangan *pengoperasian media* wonten 4 indikator. Indikator-indikator menika antawisipun: pandom anggenipun ngginakaken gampil dipunmangertosi satemah siswa saged ngginakaken *media* pasinaon menika kanthi gampil, tombol ingkang cumawis wonten ing *media* menika gampil dipunginakaken, *media* pasinaon

menika saged dipunginakaken siswa kanthi gampil tanpa pambiyantu tiyang sanes, kanthi sedayanipun *media* menika gampil dipunginakaken.

Siswa ugi dipundhawuhi maringi pamanggih tumrap *kualitas media* pasinaon perangan *pengoperasian media* kanthi nyukani tandha centhang wonten ing saben indikator. Wondene asiling angket pamanggih siswa tumrap *kualitas media* perangan *pengoperasian media* saed dipunpirsani wonten tabel ing ngandhap menika.

**Tabel 15: Asiling Angket Pamanggih Siswa Perangan *Pengoperasian Media***

No	Nama Siswa	Skor kangge indikator ingkang angka:			
		1	2	3	4
1	Ambarsari	4	4	5	3
2	Ambarwati	4	4	5	4
3	Ana Riadhotun Khasana	4	3	3	3
4	Anggraeni Novian Ciptaning	5	4	4	5
5	Anggun Kusumaningrum	5	5	5	4
6	Anik Lestari	4	3	3	3
7	Annisa Miftachurrohmah	4	4	4	4
8	Apriliana Indah Lestari	4	4	4	3
9	Desi Ariyanti	4	4	4	4
10	Duwi Yani	4	4	2	4
11	Dwi Puji Wuryanti	5	5	5	4
12	Elza Selyva Ningrum	4	5	5	5
13	Erika Nurmawati	4	5	4	4
14	Fiwit Dwijayanti	4	4	4	4
15	Meliana Lucky Maharani	5	4	4	4
16	Noviyanti	4	4	3	4
17	Nur Listianingrum	4	4	4	4
18	Nurul Listiyana	4	3	3	3
19	Nuzula Arfiana	4	4	4	4
20	Priati Puji Lestari	5	5	4	4
21	Riska Nur Pratiwi	5	4	4	5
22	Riza Arsinta	4	5	4	4
23	Rohmiyati	4	4	4	4
24	Sri Suryanti	4	4	4	4
25	Unun Fatimah	4	4	4	4
26	Wely Purmasari	4	3	3	3
27	Windi Anisatul Muawanah	4	3	3	3
28	Yuliana Endang Dewiratna	4	4	4	4
<b>Jumlah</b>		118	113	113	108
<b>Rata-rata presentase skor perangan <i>pengoperasian media</i> inggih menika 80,7% kagolong wonten kategori sarujuk sanget.</b>					

Adhedhasar tabel ing nginggil saged dipunmangertosi rata-rata *presentase* skor wonten perangan *pengoperasian media* inggih menika 80,7%, ingkang kagolong wonten *kategori* sarujuk sanget. Bab menika nedahaken bilih siswa saged ngginakaken *media* pasinaon unggah-ungguh mertamu kanthi gampil tanpa pambiyantu tiyang sanes amargi sampun dipunjangkepi pandom anggenipun ngginakaken *media*. Sasanesipun menika tombol-tombol ingkang cumawis ugi gampil dipunginakaken.

#### e) **Biji Pamanggih Siswa Sedaya Perangan**

*Presentase* biji pamanggih siswa wonten sedaya perangan *media* unggah-ungguh mertamu menika pikantuk 84,2% ingkang kagolong *kategori* sarujuk sanget. Bab menika saged dipunpirsani saking perangan gampilipun mangertosi, *kemandirian* sinau, *penyajian media* sarta *pengoperasian media*. Sasanesipun saking biji utawi *presentase* menika saged dipunpirsani saking *komentar* siswa wonten *angket*, kados makaten.

- 1) Media kasebut saget *berguna* kangge murid, piwulangan wau saged dadosaken siswa *belajar* amargi *medianipun menarik* lan cocok kangge murid.
- 2) *Untuk pembelajaran bahasa Jawa mending kayak gini pake komputer jadi gak bikin bosan, jenuh dan mudah untuk dipahami.*
- 3) *Lebih sering-sering aja kayak gini, saya suka pembelajaran menggunakan seperti tadi.*
- 4) *Dengan media-media seperti ini siswa lebih bisa/lebih mudah memahami materi dengan mudah dan siswa tidak jenuh dengan materi.*

Adhedhasar pamanggih siswa menika nedahaken bilih siswa remen sanget ngginakaken *media interaktif* unggah-ungguh mertamu menika.

**f) Data Asiling *Evaluasi* Siswa**

Gladhen wonten ing *media* pasinaon unggah-ungguh mertamu menika dipunginakaken kangge mangertosi kaprigelan siswa anggenipun mangertosi materi pasinaon unggah-ungguh mertamu. Data *evaluasi* siswa menika pikantuk saking gladhen wonten ing *media* kasebut. Cacahipun gladhen menika wonten 15 pilihan ganda. Sasampunipun nggarap soal kasebut siswa langsung mangertosi cacahipun wangsulan ingkang leres sarta mangertosi bijinipun. *Kriteria Ketuntasan Minimal* (KKM) biji wonten gladhen ing *media* pasinaon menika 75% jumbuh kaliyan KKM ingkang dipuntetepaken dening pihak SMK Muhammadiyah 1 Tempel. Siswa menika saged lulus anggenipun mangertosi materi unggah-ungguh mertamu menawi bijinipun sampun dumugi 75%. Wondene asiling biji *evaluasi* siswa saged dipunpirsani wonten tabel ing ngandhap menika.

**Tabel 16. Asiling Biji saking Gladhen Siswa Kelas X AP 2**

No	Nama Siswa	Nilai
1	Ambarsari	80
2	Ambarwati	90
3	Ana Riadhotun Khasana	85
4	Anggraeni Novian Ciptaning	70
5	Anggun Kusumaningrum	90
6	Anik Lestari	85
7	Annisa Miftachurrohmah	85
8	Apriliana Indah Lestari	90
9	Desi Ariyanti	70
10	Duwi Yani	85
11	Dwi Puji Wuryanti	85
12	Elza Selvy Ningrum	80
13	Erika Nurmawati	75



14	Fiwit Dwijayanti	65
15	Meliana Lucky Maharani	80
16	Noviyanti	85
17	Nur Listianingrum	80
18	Nurul Listiyana	70
19	Nuzula Arfiana	80
20	Priati Puji Lestari	75
21	Riska Nur Pratiwi	90
22	Riza Arsinta	90
23	Rohmiyati	80
24	Sri Suryanti	60
25	Unun Fatimah	90
26	Wely Purmasari	75
27	Windi Anisatul Muawanah	85
28	Yuliana Endang Dewiratna	80
<b>Jumlah</b>		2255

**Tabel 17. Ketuntasan Siswa Anggenipun Garap Gladhen Wonten ing Media**

Kriteria	Jumlah Siswa	Presentase
$\geq 75\%$	23	82,1%
$\leq 75\%$	5	17,8%

Adhedhasar tabel asiling *ketuntasan* siswa anggenipun nggarap gladhen soal, saged dipunmangertosi 82,1% siswa ingkang saged nggayuh paugeranipun inggih menika KKM 75% kanthi pikantuk biji rata-rata 67 sarta 17,8% siswa ingkang boten saged nggayuh paugeranipun KKM 75% kanthi rata-rata bijinipun 95,1%.

Saking asiling biji kasebut saged katingal kaprigelanipun siswa anggenipun mangertosi materi pasinaon unggah-ungguh mertamu ingkang dipunandharaken kanthi *media interaktif*. Kaprigelanipun siswa anggenipun mangertosi materi unggah-ungguh mertamu menika kagolong *kategori* sae sanget. Gladhen menika dipunginakaken kangge mangertosi panguwaosipun materi ingkang wonten ing *media* pasinaon. *Presentase* ketuntasan siswa anggenipun nggarap gladhen cacahipun 82,1%. Kanthi mekaten nedahaken bilih *media* ingkang dipundamel

menika saged narik kawigatosan siswa sarta saged dipunginakaken kangge maringi *motivasi* supados siswa menika remen nyinau materi unggah-ungguh.

## **B. Pirembaganipun Asiling Panaliten**

### **1. Tahap Damel Media**

#### **a. Tahap Nganalisis (*analisis*)**

*Tahap analisis* minangka *tahap* ingkang dipuntindakaken saderengipun damel *produk media*. Wonten *tahap analisis* menika, pangripta nganalisis kompetensi saha ningali kaprigelan siswa ingkang beda-beda. Wondene *analisis* kompetensi menika sami kaliyan *analisis kurikulum*. Pangripta kedah wanuh kompetensi kanthi cara maos, mangertosi, saha ngukur kompetensi kasebut. *Tahap* menika dipuntindakaken kangge nganalisis kabetahan tumrap padamelan *media* pasinaon.

*Analisis* kompetensi nedahaken bilih pasinaon basa Jawi kanthi basis KTSP kangge siswa SMA/SMK/MA kelas X Daerah Istimewa Yogyakarta (DIY). Standar Kompetensi (SK) ingkang dipunginakaken "*Mampu mengungkapkan pikiran atau gagasan, dalam berbagai bentuk wacana lisan tentang bahasa, sastra, dalam kerangka budaya Jawa*" saha Kompetensi Dasaripun (KD) '*Menceritakan berbagai pengalaman dengan menggunakan bahasa Jawa sesuai dengan konteksnya*'. Wondene indikator ingkang dipungayuh wonten kompetensi menika:

- 1) siswa saged ngandharaken pangertosan unggah-ungguh,
- 2) siswa saged mbedakaken antawisipun unggah-ungguh mertamu kaliyan unggah-ungguh nampi tamu,

- 3) siswa saged mundhut dudutan babagan unggah-ungguh mertamu ingkang leres,
- 4) siswa saged praktek unggah-ungguh mertamu wonten ing ngajeng kelas,
- 5) siswa saged nindakaken unggah-ungguh mertamu wonten ing pagesangan sedinten-dinten.

Kaprigelan saben siswa anggenipun mangertosi materi pasinaon menika boten sami. Supados saged nggayuh ancas ingkang dipunkajengaken, panaliti kedah ningali kaprigelan siswa ingkang beda-beda sarta ningali bab-bab sanesipun ingkang nyengkuyung mindhakupun kaprigelan siswa anggenipun mangertosi materi.

Wonten SMK Muhammadiyah 1 Tempel menika siswa asring boten nggatosaken gurunipun nalika maringi materi pasinaon unggah-ungguh. Kirangipun minat siswa anggenipun nggatosaken materi pasinaon unggah-ungguh menikaamargi *media* pasinaon ingkang dipunginakaken kirang narik kawogatosan siswa. Kathah siswa ingkang kirang nggatosaken unggah-ungguh mliginipun unggah-ungguh mertamu.

Awit saking menika, guru ngajengaken sanget wontenipun *media* unggah-ungguh mertamu arupi *CD (Compact Disk)* kanthi ngginakaken *aplikasi Macromedia Flash* supados saged dipunginakaken minangka *media* pasinaon unggah-ungguh mertamu ingkang *interaktif*. *Media* pasinaon *interaktif* menika dipunajab saged dipunginakaken minangka sarana ingkang saged mbiyantu guru saha siswa wonten ing salebeting *proses* pasinaon, sarta saged narik kawigatosan siswa anggenipun nyinau materi unggah-ungguh kanthi mandhiri.

## **b. Tahap Damel Desain Media**

Sasampunipun *analisis* kompetensi kanthi maos kurikulum saha *analisis* kaprigelan siswa, *tahap* ingkang salajengipun inggih menika *tahap* damel *desain media* pasinaon. Tahap damel desain inggih menika ngrancang isinipun *produk media* pasinaon ingkang badhe dipundamel. Sasampunipun maos kurikulum utawi mangertosi *standar kompetensi* saha *kompetensi dasar* saged dipundamel *desain media*.

*Tahap* damel *desain media* inggih menika ngempalaken sumber kapustakan ingkang dipundadosaken sumber materi pasinaon unggah-ungguh mertamu basa Jawi. Materi-materi unggah-ungguh mertamu ingkang dipunlebetaken wonten *media* inggih menika saking maneka warni buku. Buku-buku menika antawisipun buku Tata Krama Pergaulan, Diktat Etika Jawa lan sapanunggalanipun.

Sasampunipun damel desain salajengipun damel *Flowchart*, *Flowchart* inggih menika *diagram* urut-urutanipun damel *media* supados gampang anggenipun ngrancang *program media*. *Flowchart* menika saged nggambaraken kadospundi *media* menika dipundamel (*flowchart* saged dipunpirsani wonten ing *lampiran*). *Flowchart* menika salajengipun dipunandharaken wonten ing *naskah media* pasinaon ingkang wosipun andharan materi unggah-ungguh mertamu kanthi jangkep sarta menu-menu menapa kemawon ingkang wonten ing *media* pasinaon.

## **c. Tahap Damel Media Pasinaon**

Tahap damel *media* ingkang salajengipun inggih menika netepaken cara anggenipun maringi pasinaon saha gladhen ingkang dipunginakaken wonten ing

*media* pasinaon. *Media* menika dipundamel minangka pasinaon *interaktif* ingkang mbetahakenguru wonten ing proses pasinaon. Guru menika wigati sanget minangka *informan* saha ingkang ngontrol proses pasinaon nalika ngginakaken *media* pasinaon *interaktif* unggah-ungguh mertamu menika. Wondene nalika sampun boten wonten guru ing salebeting proses pasinaon, *media* pasinaon *interaktif* unggah-ungguh mertamu menika saged dipunginakaken minangka sarana sinau mandhiri siswa wonten griya. *Media* menika sampun dipunjangkepi pandom anggenipun ngginakaken *media* satemah siswa saged ngginakaken *media* kanthi gampang.

*Tahap* ingkang salajengipun inggih menika pangripta nemtokakaen piranti gladhen ingkang badhe dipunlebetaken wonten *media*. Gladhen ingkang dipundamel menika soal *pilihan ganda* cacahipun 15 soal, leres-salah 5 soal saha soal praktek 1 ingkang dipunjumbuhaken kaliyan indikator. Kanthi wontenipun gladhen menika, siswa saged langsung mangertosi wangsulane ingkang leres saha wangsulane ingkang klentu. Awit saking menika siswa langsung saged mangertosi biji saha kaprigelanipun piyambak-piyambak anggenipun mangsuli pitakenan.

#### **d. Tahap Validasi saha Ujicoba Media Pasinaon**

*Tahap validasi* saha *ujicoba media* pasinaon ditindakaken sasampunipun damel *media* pasinaon *interaktif* awujud CD (*Compact Disk*). *Tahap validasi* menika mbetahaken dosen ahli. *Evaluasi media* pasinaon ugi dipunbiji kaliyan guru basa Jawi. *Ujicoba media* pasinaon menika mbetahaken siswa kelas X. *Tahap evaluasi* utawi *validasi media* pasinaon menika kangge maringi biji saha pamrayogi tumrap lampahing damel *media*. Guru basa Jawi menika maringi biji *media* pasinaon kanthi

paring pamrayogi saha paring biji *media* ingkang pungkasan. *Evaluasi kualitas media* dening guru basa Jawi tumrap *media* pasinaon menika sareng kaliyan *ujicoba media* tumrap siswa kelas X.

## **2. Evaluasi Kualitas Media dening Dosen Ahli Media**

*Evaluasi kualitas media* pasinaon unggah-ungguh mertamu dipuntindakaken mawi *validasi* dening dosen ahli *media*. *Media* pasinaon unggah-ungguh mertamu ingkang dipundamel kanthi ngginakaken *aplikasi Macromedia Flash* menika sampun dipun*validasi* mawi tata caranipun satemah *produk media* menika dipunsarujuki sampun layak dipun*ujicoba*. .

*Validasi* dening dosen ahli *media* wonten 2 perangan, inggih menika perangan *tampilan* saha perangan *pemrograman*. Perangan *tampilan* kaperang dados 10 indikator, ingkang perangan *pemrograman* kaperang dados 9 indikator. 10 indikator perangan *tampilan* inggih menika: cethanipun pandom anggenipun ngginakaken program, seratan gampil dipunmangertosi, tatanan warni sampun trep, *konsistensi* anggenipun mapanaken tombol, *kualitas tampilan* gambaripun, *kualitas animasi*, trekipun gendhing ingkang ngiringi, trekipun *tampilan layar*, cethanipun suwanten, sarta leres anggenipun ngginakaken basa. Wondene 9 indikator perangan *pemrograman* antawisipun: cethanipun *navigasi*, *konsisten* anggenipun ngginakaken tombol, cethanipun pandom, gampil anggenipun ngginakaken *media*, *efisien* anggenipun ngginakaken *layer*, *efisiensi* teks, *respon* dhateng siswa, cepetipun *program*, *media* saged narik kawigatosan.

Asiling *validasi* dening dosen ahli *media* menika sedayanipun pikantuk *presentase* rata-rata 86,3%, kagolong *kategori* sae sanget. *Kategori* sae sanget menika nedahaken bilih *kualitas media* menika sampun sae dipunpirsani saking gampilipun panganggenipun *media*, pangenggenipun tombol *navigasi*, cepetipun *program*, satemah *media* menika saged narik kawigatosan siswa.

Adhedhasar asiling *validasi* dening dosen ahli *media*, pramila dipuntindakaken *revisi* utawi ndandosi *media* ingkang jumbuh kaliyan pamrayoginipun dosen ahli *media*. *Revisi* menika supados *media* pasinaon ingkang dipundamel langkung sae satemah saged dipunginakaken wonten ing proses pasinaon, wondene pamrayoginipun kados mekaten.

Dosen ahli *media* maringi pamrayogi tumrap *tampilan media* pasinaon unggah-ungguh mertamu. Pamrayogi saking dosen ahli *media* menika ginanipun kangge ndandosi *media* satemah *tampilan media* menika saged langkung sae. Pamrayogi saking dosen ahli *media* antawisipun kados mekaten.

1) *Tampilan* pangertosan unggah-ungguh, tata krama mertamu saha tuladha

Adhedhasar pamanggih dosen ahli *media* bilih *tampilan* pangertosan unggah-ungguh saha tata krama mertamu menika tombol *navigasi*ipun pandom, materi lan sapanunggalanipun prelu dipuntambah.

a) *Tampilan* pangertosan unggah-ungguh, tata krama mertamu saha tuladha saderengipun *revisi*

*Tampilan* pangertosan unggah-ungguh, tata krama mertamu saha tuladha miturut pamrayogi dosen ahli *media* dipuntambah tombol *navigasi* wonten ing pilihan pandom, materi lsp supados langkung cepet anggenipun mapanaken menu.

b) *Tampilan* pangertosan unggah-ungguh saha tata krama mertamu sasampunipun *revisi*

*Tampilan* pangertosan unggah-ungguh, tata krama mertamu saha tuladha mertamu dipundandosi miturut pamrayogi dosen ahli *media* wonten ing babagan *navigasi*.




**Gambar 7: *Tampilan* pangertosan unggah-ungguh saderengipun *revisi***



**Gambar 8: *Tampilan* pangertosan unggah-ungguh sasampunipun *revisi***





**Gambar 9: Tampilan tata krama mertamu saderengipun revisi**



**Gambar 10: Tampilan tata krama mertamu sasampunipun revisi**

## 2) Tampilan tuladha mertamu

Dosen ahli *media* dhawuh menawi warnipun *background* dipundamel sami kaliyan warni layer saderengipun. Jumbuh kaliyan pamrayogi dosen ahli *media* pramila warni *background* menika dipundandosi.

### a) Tampilan tuladha saderengipun revisi

*Tampilan* tuladha saderengipun dipundandosi, miturut pamanggih dosen ahli *media* inggih menika warnipun *background* dipundamel sami kaliyan layer saderengipun.

### b) Tampilan tuladha sasampunipun revisi

*Tampilan* tuladha sasampunipun dipundandosi, wonten babagan warnipun *background* ingkang cemeng saha seratanipun kuning sampun dipungantos.

Warninipun inggih menika warni ingkang sami kaliyan layer saderengipun supados *serasi*.



**Gambar 11: Tampilan tuladha saderengipun revisi**



**Gambar 12: Tampilan tuladha sasampunipun revisi**

### 3) Tampilan gladhen

Dosen ahli *media* dhawuh bilih gladhen ingkang gegayutan kaliyan babagan simulasi menika dipunjangkepi. Wonten ing gladhen dereng wonten *evaluasi* ingkang nedahaken kaprigelan siswa babagan unggah-ungguh mertamu, *media* menika kedah wonten *evaluasi simulasi*.


#### a) Tampilan gladhen saderengipun revisi

*Tampilan* gladhen saderengipun dipundandosi, miturut pamanggih dosen ahli *media* inggih menika gladhenipun kedah dipunjangkepi *evaluasi simulasi* kangge

mangertosi kaprigelanipun unggah-ungguh mertamu siswa ngginakaken *media* pasinaon.

b) *Tampilan gladhen sasampunipun revisi*

*Tampilan* gladhen sasampunipun dipundandosi, wonten babagan *evaluasi* ingkang *simulasi* sampun dipundamel. Gladhenipun awujud gladhen ngurutaken urutan anggenipun mertamu dhateng griyanipun kanca saking wiwitan dumugi pungkasan.



**Gambar 13: *Tampilan gladhen saderengipun revisi***



**Gambar 14: *Tampilan gladhen sasampunipun revisi***

### **3. *Kualitas Media Interaktif* Miturut Pamanggih Guru Basa Jawi saha Siswa Kelas X**

Sasampunipun *media* menika layak dipun*ujicoba*, salajengipun inggih menika *evaluasi kualitas media* dening guru basa Jawi sarta *ujicoba* tumrap siswa kelas X.

Guru basa Jawi maringi biji tumrap *media* kanthi ngisi angket biji *kualita smedia* pasinaon unggah-ungguh mertamu. Wondene pamanggih siswa tumrap *media* pasinaon menika dipuntindakaken kanthi ngisi angket utawi lembar *evaluasi* tumrap *media* pasinaon unggah-ungguh mertamu.

*Evaluasi kualitas media* dening guru basa Jawi wonten 2 perangan, inggih menika perangan leresipun *konsep* saha *kompetensi* kaliyan perangan *kualitas tampilan*. Perangan leresipun *konsep* saha *kompetensi* kaperang dados 5 indikator, inggih menika: jumbuhipun materi kaliyan kompetensi dasar ingkang wonten ing *Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP)*, urutanipun materi sampun trep, cethanipun *evaluasi* utawi gladhen, jumbuhipun *media* ingkang dipunginakaken kaliyan kompetensi dasar, sarta cethanipun basa kaliyan ejaan ingkang dipunginakaken. Perangan *kualitas tampilan* ugi kaperang dados 5 indikator. Indikator-indikator menika ing antawisipun: cethanipun pandom anggenipun ngginakaken *media interaktif* wonten ing pasinaon unggah-ungguh mertamu kanthi *aplikasi Macromedia Flash*, trepipun tatanan warni, *tampilan*ipun menu, jinis saha ukuranipun *teks*, sarta *kualitas gambar* wonten *adegan animasi*.

*Evaluasi kualitas media* dening Guru Basa Jawi saking kalih perangan menika pikantuk rata-rata *presentase* 96%, kagolong *kategori* sae sanget. Kagolong *kategori* sae sanget amargi *media* menika dipundamel jumbuh kaliyan kurikulum saha standar kompetensi. Materi dipunandharaken kanthi cetha, *tampilan medianipun* sae, anggenipun nyawisaken tombol saha pandom saged nggampilaken siswa anggenipun ngginakaken *media* pasinaon unggah-ungguh mertamu menika.

*Evaluasi kualitas media* salajengipun saking pamanggih siswa ingkang cacahipun 28 siswa. Asiling pamanggih siswa sedayanipun tumrap panganggenipun *media* pasinaon unggah-ungguh mertamu wonten *proses* pasinaon saged dipunpirsani saking 4 perangan, inggih menika perangan gampilipun mangertosi, perangan *kemandirian* sinau, perangan *penyajian media*, saha perangan *pengoperasian media*. Biji saking pamanggih siswa menika pikantuk rata-rata *presentase* 89%, kagolong *kategori* sarujuk sanget. Tegesipun sarujuk sanget inggih menika wontenipun *media interaktif* unggah-ungguh tumrap pasinaon unggah-ungguh mertamu. *Tampilan*ipun *media* menika sae, saged narik kawigatosan siswa, sarta saged nggampilaken siswa anggenipun nyinau unggah-ungguh. Wondene *kualitas media interaktif* pasinaon unggah-ungguh mertamu miturut pamanggih guru basa Jawi saha siswa kelas X AP 2 SMK Muhammadiyah 1 Tempel dipunandharaken kados mekaten.

**a. *Kualitas Media* Miturut Pamanggih Guru Basa Jawi**

*Evaluasi* tumrap *kualitas media* boten namung dening dosen ahli ananging guru basa Jawi ugi maringi pamanggih tumrap *kualitas media* pasinaon unggah-ungguh mertamu menika. Pamrayogi saking Guru Basa Jawi menika ginanipun ugi kangge ndandosi *media* satemah *tampilan media* menika saged langkung sae. Pangangkah saged langkung trep dipunginakaken wonten ing salebeting proses pasinaon.

Pamrayogi saking Guru basa Jawi menika babagan tuladha mertamu, tuladha mertamu menika langkung sae manawi dipunparingi tuladha mertamu ingkang trep kaliyan tata krama satemah saged kangge *perbandingan* antawisipun ingkang leres

kaliyan ingkang salah. Miturut guru basa Jawi, *media* pasinaon unggah-ungguh mertamu menika saking perangan materi saha *tampilanipun media* sampun sae, materinipun ugi sampun dipunandharaken kanthi sae. *Tampilanipun media* saking tatanan warni, gambar, saha *animasinipun* saged narik kawigatosan siswa.

#### **b. *Kualitas Media* Miturut Pamanggih Siswa Kelas X**

*Media* pasinaon unggah-ungguh mertamu sasampunipun dipun*validasi* sarta dipunsarujuki layak dipun*ujicoba* dening dosen ahli *media* lajeng dipun*ujicoba* dhateng siswa kelas X SMK Muhammadiyah 1 Tempel. Wonten proses *ujicoba* menika siswa dipundhawuhi ngisi lan nyerat pamrayogi wonten lembar *evaluasi* utawi *angket*. Kanthi *angket* menika pramila saged dipunmangertosi kadospundi pamanggih siswa tumrap *kualitas media* pasinaon unggah-ungguh mertamu kanthi ngginakaken *aplikasi Macromedia Flash* dipunpirsani saking *kualitas* andharan materi saha *kualitas tampilanipun*.

*Presentase* biji pamanggih siswa wonten sedaya perangan *media* pasinaon unggah-ungguh mertamu menika pikantuk 84,2% ingkang kagolong *kategori* sarujuk sanget. Tegesipun siswa sarujuk sanget tumrap *media* menika wonten pasinaon unggah-ungguh mertamu. *Media* menika saged narik kawigatosan siswa saha nggampilaken anggenipun mangertosi materi pasinaon unggah-ungguh mertamu. Pamanggih saha pamrayogi ingkang dipunserat dening siswa wonten salebeting *angket* saged dipunpirsani wonten ngandhap menika.

### 1. Pamanggih saking Meliana Lucky A

**E. Pamrayogi**  
Materi nipun katingali manarik siswa saged gampang diumpargenerni lan dipun maketirake, satunggaling siswa tambah sapani saking le mertamu lan tambah mangerteni le namna tamu.

Yogyakarta, 18 JUNI 2013  
Siswa  
Meliana Lucky A

### 2. Pamanggih saking Ambarwati

**E. Pamrayogi**  
Materi saged dipahami kanthi gampang

Yogyakarta, 19 JUNI 2013  
Siswa  
Ambarwati

### 3. Pamanggih saking Anggun Kusumaningrum


**E. Pamrayogi**  
Untuk Pembelajaran bahasa Jawa mending kudu gini pebet komputer jani gaki bener bosan, jenuh, dan susah unturen dipahani

Yogyakarta, 05 JUNI 2013  
Siswa  
Anggun Kusumaningrum




#### 4. Pamanggih saking Anggraeni Novian Ciptaning

**E. Pamrayogi** Saran/mafukan  
Saran 22. Diurugtokaken malah media nipun  
Masukan 20 Media kasebut sajet baguna kangge murid  
pulangan mau sajet, dadosaken siswa semangak  
belajar, amargi media nipun menarik lan cocok kangge murid.

Yogyakarta, 18 Juli 2013  
Siswa  
  
Anggraeni Novian Ciptaning

#### 5. Pamanggih saking Annisa Miftachurrohmah

**E. Pamrayogi**  
Lebih sering-sering dia kayak gini.  
Saya saka pembelajaran menggunakan gambar seperti tadi.

Yogyakarta, 18 Juli 2013  
Siswa  
  
Annisa Miftachurrohmah

*Media pasinaon unggah-ungguh mertamu sampun dipunevaluasi dening dosen ahli media, guru basa Jawi, sarta siswa kelas X. Evaluasi menika wigati sanget kangge ngasilaken media pasinaon ingkang sae. Asiling evaluasi kualitas media*



dening dosen ahli *media*, biji saking guru basa Jawi sarta pamanggih siswa saged dipunpirsani wonten tabel ing ngandhap menika.

**Tabel 18: Asiling Biji *Kualitas Media Pasinaon Unggah-Ungguh Mertamu***

No.	Pambiji <i>Kualitas Media</i> Piwulangan	<i>Presentase</i>	<i>Kategori</i>
1	Dosen ahli <i>media</i>	79%	Sae
2	Guru basa Jawi	94%	Sae Sanget
3	Pamanggih siswa kelas X	84,2%	Sae Sanget
<b>Rata-rata <i>Presentase Bijinipun</i></b>		<b>85,73%</b>	<b>Sae Sanget</b>

Adhedhasar tabel wonten nginggil saged dipunmangertosi biji *kualitas media* sedayanipun saking dosen ahli *media*, guru basa Jawi sarta pamanggih siswa pikantuk rata-rata *presentase* 85,73%, kagolong *kategori sae sanget*. *Kategori sae sanget* menika nedahaken bilih *media interaktif* unggah-ungguh mertamu ingkang dipundamel saged dipunginakaken guru minangka sarana kangge ngandharaken *materi*, sarta nggampilaken siswa anggenipun mangertosi materi unggah-ungguh mertamu.

*Media pasinaon* unggah-ungguh mertamu ingkang dipundamel menika temtunipun ugi wonten kakirangan saha kaluwihanipun. Kakirangan saha kaluwihanipun *media interaktif pasinaon* unggah-ungguh mertamu menika dipunandharaken kados mekaten.

#### **4. Kakirangan saha Kaluwihan *Media***

##### **a. Kakiranganipun *media interaktif* pasinaon unggah-ungguh mertamu**

- 1) *Media* pasinaon unggah-ungguh mertamu menika kalebet jinis *media* ingkang adhedhasar *komputer*, satemah anggenipun ngginakaken kedah ngginakaken *komputer*. Anggenipun ngginakaken komputer menika mbetahaken listrik, bab menika ndadosaken panganggenipun *media* winates sanget.
- 2) Nalika listrikipun pejah, *media* pasinaon menika boten saged dipunginakaken, nanging saged dipun*printout*, satemah proses pasinaon tetep kalampahan kanthi sae.

##### **b. Kaluwihanipun *media interaktif* pasinaon unggah-ungguh mertamu**

- 1) *Media* menika layak dipunginakaken, dipunmangertosi saking biji *kualitas media* sedayanipun mawi *validasi* dening dosen ahli *media*, biji saking guru basa Jawi, sarta pamanggih siswa kelas X pikantuk rata-rata *presentase* 85,73% kagolong *kategori* sarujuk sanget.
- 2) *Media* pasinaon menika gampang dipunginakaken amargi dipunjangkepi pandom anggenipun ngginakaken *media*. Basa ingkang dipunginakaken basa Jawi ragam krama. Kanthi makaten siswa saged ngginakaken *media* menika minangka sarana sinau materi unggah-ungguh mertamu kanthi mandhiri wonten griya kanthi gampang sarta saged ugi sinambi sinau basa Jawi ragam krama.
